

Avi sou Pwosedri Pwoteksyon yo

Dwa Paran yo pou Entèvansyon Bonè (0-2 Zan) ak Edikasyon Espesyal Timoun Anbazay (3-5 An)



OREGON
DEPARTMENT OF
EDUCATION

Oregon achieves . . . together!

**Office of Student Services
255 Capitol Street NE
Salem, Oregon 97310**

Dokiman sa a prezante pwosedè pwoteksyon yo pou Entèvansyon Bonè (Early Intervention, EI), dapre IDEA, Pati C, ak Edikasyon Espesyal Timoun Anbazay (Early Childhood Special Education, ECSE), dapre IDEA, Pati B. Pou EI egzijans yo konfòm ak règleman IDEA yo ki an vigè depi oktòb 2011. Pou ECSE, egzijans yo konfòm ak Modèl Avi sou Pwosedè Pwoteksyon Depatman Edikasyon Etazini an (jen 2009). N ap bay enfòmasyon espesyalman sou Oregon lè sa nesèsè.

Ou te mèt voye kesyon oswa kòmantè sou dokiman sa a pou:

Office of Student Services
Oregon Department of Education
255 Capitol Street
Salem, OR 97310
(503) 947-5782

Dokiman sa a disponib sou fòm elektwonik nan:

<http://www.oregon.gov/ode/rules-and-policies/Pages/Procedural-Safeguards.aspx>

Konsèy Edikasyon Eta a (State Board of Education) gen kòm politik epi Depatman Edikasyon Oregon an (Oregon Department of Education, ODE) gen kòm priyorite pou pa gen ni diskriminasyon ni tizonnay ki fèt poutèt ras, koulè, relijyon, sèks, sitiyasyon matrimonyal, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal, laj oswa andikap nan kèlkeswa pwogram, aktivite oswa travay edikatif la. Moun ki gen kesyon sou egalite chans ak non-diskriminasyon dwe kontakte Oregon Department of Education, 255 Capitol Street NE, Salem, Oregon 97310; telefòn 503-947-5747

TIMOUN KI GEN ANDIKAP

Enfòmasyon ki nan ti liv sa a se pou paran timoun ki, oswa ki ta ka, kalifye pou Entèvansyon Bonè (EI) oswa pou Edikasyon Espesyal Timoun Anbazay (ECSE) dapre Lwa sou Edikasyon Moun ki Gen Andikap la (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA), Pati C ak B. Se pa tout timoun ki gen andikap ki kalifye pou sèvis entèvansyon bonè oswa edikasyon espesyal timoun anbazay dapre IDEA. Gen timoun ki ka gen andikap ki gen konsekans sou aktivite lavi enpòtan men ki pa respekte kondisyon kalifikasyon yo pou youn nan kategori andikap yo dapre IDEA. Timoun sa yo gen dwa gen pwoteksyon lòt lwa federal, tankou seksyon 504 nan Lwa sou Reyabilitasyon (Rehabilitation Act) 1973 la oswa Lwa sou Edikasyon Ameriken ki gen Andikap la (American with Disabilities Education Act, ADA). Dwa pou moun ki gen pwoteksyon seksyon 504 la sanble nan sèten fason sèlman e diferan nan sèten lòt fason de pwosedè pwoteksyon ki dekri nan ti liv sa a. Pou plis enfòmasyon sou seksyon 504, kontakte pwogram EI/ECSE ou an oswa espesyalis dwa sivil ODE a.

Tab de Matyè

Entwodiksyon	1
Patisipasyon Paran.....	2
Dosye Edikasyon.....	3
Pwoteksyon yo	6
Konsantman Paran.....	7
Preyavi Ekri	10
Evalyasyon ak Re-evalyasyon.....	12
Evalyasyon Pedagojik Endepandan-ECSE Sèlman	13
Rezolisyon Dezakò	14
Timoun ki Nan Lekòl Prive - ECSE Sèlman.....	24
Disiplin ak Plasman nan Lòt Kad Edikatif Enterimè-ECSE Sèlman	26
Resous	31

ENTWODIKSYON

Pou kiyès ti liv sa a ye?

Ti liv sa a ofri paran timoun ki gen andikap depi lè yo fèt rive nan kindègadenn yon vi jeneral sou dwa yo nan zafè edikasyon, ki rele tou pwosedir pwoteksyon. Ti liv sa a se *Avi sou Pwosedir Pwoteksyon yo* pou paran ak ranplasan paran. Lwa federal la egzije pou w konn tout pwosedir pwoteksyon yo, menm sa ki ra yo avèk jèn timoun.

Ki kote pou mwen jwenn kopi ti liv sa a?

Lalwa di yo dwe ba ou *Avi sou Pwosedir Pwoteksyon sa a*:

- Yon fwa pa ane;
- Lè ou mande yon kopi;
- Premye fwa yo rekòmande pou pitit ou a resevwa evalyasyon pou entèvansyon bonè (EI) oswa pou edikasyon espesyal timoun anbazay (ECSE) oswa lè ou mande yon evalyasyon epi,
- Lè yo resevwa premye plent oswa demann pou pwosedir pa vwa nòmral ou nan yon ane lekòl; epi
- Pou ECSE, Lè yon desizyon disiplinè sou pitit ou se yon chanjman plasman.

Kisa ti liv sa a ap di mwen?

Liv sa a ap di ou ki dwa ou genyen nan entèvansyon bonè ak nan edikasyon espesyal timoun anbazay. Ti liv sa a p ap ba ou enfòmasyon detaye sou IFSP, sèvis yo ak pwogram yo. Ou gen dwa jwenn plis enfòmasyon sou sijè sa yo lè ou pale ak kowòdonatè sèvis pitit ou a, pwofesè li, reprezantan pwogram li an, oswa sou sit entènèt Depatman Edikasyon Oregon an (Oregon Department of Education, ODE) ak nan lòt resous ki nan lis ki nan do ti liv sa a.

Ti liv sa a sèvi ak pawòl “ajans piblik” la pou pale de distrik lekòl, de pwogram EI/ECSE oswa de lòt ajans piblik ki responsab sèten aspè sèvis EI/ECSE pitit ou a ap resevwa yo.

Ki kote dwa ki nan ti liv sa a sot?

Lwa sou Edikasyon Moun ki Gen Andikap la (IDEA) se yon lwa federal sou edikasyon espesyal ki egzije pou eta yo ofri sèvis EI ak ECSE pou jèn timoun ki gen andikap e ki kalifye.

Ki diferans ki genyen ant EI ak ECSE?

Entèvansyon Bonè (EI) vle di sèvis pou timoun ki gen andikap depi lè yo fèt rive a laj twazan ki fèt pou reponn bezwen devlopman timoun nan ak bezwen fanmi an nan sa ki gen pou wè ak amelyorasyon devlopman timoun nan. Yo ofri sèvis EI yo nan kad ki natirèl oswa nòmral pou timoun ki pa gen andikap, sòf si timoun nan bezwen yon kad pi espesyalize. Yo dekri sèvis sa yo nan IFSP pitit ou a.

Edikasyon espesyal timoun anbazay (ECSE) vle di sèvis pou reponn bezwen san parèy timoun ki gen andikap depi laj twazan jiska laj kote yo vin kalifye pou lekòl

piblik. Timoun ki kalifye pou sèvis ECSE dwe resevwa yon edikasyon piblik gratis apwopriye (free appropriate public education, FAPE). FAPE vle di edikasyon espesyal ak sèvis ki gen pou wè ak sa ki nesèsè pou pitit ou a pwofite edikasyon li an. Yo dekri sèvis sa yo nan IFSP pitit ou a. Lalwa di ekip la dwe mete pitit ou a nan “anviwònman ki gen mwens restriksyon an.” Sa vle di yo dwe mete pitit ou a nan kalite pwogram ki pi nòmal ki pral reponn bezwen pitit ou a, baze sou IFSP pitit ou a.

Kisa IFSP a ye?

IFSP vle di Plan Sèvis Endividyalize pou Fanmi (Individualized Family Service Plan). Yon ekip ki gen ladan oumenm, pwofesè pitit ou, ak lòt moun ap kreye sèvis sa yo lè yo fin deside si pitit ou a gen wi ou non yon andikap epi respekte kondisyon yo pou edikasyon espesyal ki nan lwa a. IFSP a dekri sèvis pou yo ofri pitit ou a. Ekip IFSP a gen ladan oumenm, pwofesè pitit ou, ak lòt moun. Ekip IFSP a ap egzaminen enfòmasyon evalyasyon pitit ou a, idantifye bi ki kapab mezire pou pitit ou a, epi detèmine sèvis ak sipò pitit ou a bezwen pou reyalize bi sa yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou IFSPs nan men kowòdonatè sèvis pitit ou a, pwofesè li oswa yon lòt manm pèsonèl pwogram nan.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pwogram EI/ECSE ki bò lakay ou a se premye etap la pou jwenn plis enfòmasyon. Gen yon kantite moun nan pwogram nan ki ka reponn kesyon sou sèvis y ap ofri pitit ou a, sa gen ladan kowòdonatè sèvis pitit ou a. Gen lòt founisè sèvis k ap travay avèk pitit ou a tou ki gen dwa itil ou. Nou bay lis lòt resous nan finisman ti liv sa a.

PATISIPASYON PARAN

Kiyès yo konsidere kòm “paran”?

Dapre IDEA a yon paran se gen dwa:

- Paran byolojik oswa adoptif yon timoun;
- Paran dakèy yon timoun;
- Yon gadyen legal (ki pa ajans Leta) oswa yo lòt moun ki legalman responsab byennèt timoun nan;
- Yon moun ki jwe wòl paran nan plas yon paran byolojik oswa adoptif (sa gen ladan granparan, boparan, oswa lòt fanmi) e timoun nan rete lakay li; oswa,
- Yon ranplasan paran ajans piblik la oswa yon tribinal pou timoun nonmen.
- Si gen plis pase yon sèl moun ki kalifye pou jwe wòl paran, epi paran byolojik oswa adoptif la ap eseye jwe wòl paran, y ap sipoze se paran byolojik oswa adoptif la ki paran an dapre IDEA a. Men:
- Règ sa a pa valab si paran byolojik oswa adoptif la pa gen otorite legal pou li pran desizyon sou edikasyon timoun nan.
- Si gen yon lòd tribinal oswa yon dekrè jidisyè ki idantifye kiyès ki ka jwe wòl paran yon timoun oswa ki ka pran desizyon sou edikasyon yon timoun, moun sa a se ap paran an nan kad edikasyon espesyal la.

Èske mwen gen dwa patisipe nan pran desizyon sou sèvis EI/ECSE pitit mwen an?

Wi, patisipasyon ou enpòtan. Ou gen dwa patisipe nan reyinyon yo sou bezwen espesyal pitit ou a, sou evalyasyon li, sou sèvis EI/ECSE yo, sou kote pitit ou a ap resevwa sèvis yo (plasman), ak sou lòt sijè ki gen pou wè ak sèvis EI/ECSE pitit ou a. Sa gen ladan dwa patisipe nan reyinyon pou elabore IFSP pitit ou a.

Kisa yon ranplasan paran ye e ki lè li nesèsè?

Yon ranplasan paran se yon moun yo nonmen pou li pran desizyon sou edikasyon yon timoun ki gen andikap nan sitiwayon patikilye kote yo pa ka idantifye oswa jwenn paran an, oswa si timoun nan se yon pwoteje tribinal la. Chak pwogram EI/ECSE gen yon metòd pou detèmine si wi ou non yon timoun bezwen yon ranplasan paran epi pou nonmen yon ranplasan paran pou timoun nan. Moun yo chwazi kòm ranplasan an: (1) pa dwe gen okenn enterè ki an konfli ak enterè timoun li reprezante a epi (2) li dwe gen konesans ak konpetans ki garanti l ap reprezante timoun nan kòm sadwa. Yon ranplasan paran ap patisipe kòm paran nan reyinyon IFSP yo e li gen tout dwa yo dekri nan ti liv sa a.

DOSYE EDIKASYON

Èske mwen te mèt gade dosye edikasyon pitit mwen an?

Wi. Gen de (2) lwa, Lwa sou Dwa a Enstriksyon ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) ak IDEA a, ki ba ou dwa gade tout dosye edikasyon pitit ou a. Mande pwofesè pitit ou a, kowòdonatè sèvis li an oswa administratè pwogram li an si ou vle gade dosye yo.

Si ou mande gade dosye pitit ou a, pwogram pitit ou a dwe fè aranjman pou sa:

- San pèdi tan san rezon;
- Anvan tout reyinyon sou IFSP pitit ou a;
- Anvan tout odyans pa vwa nòmal ki gen pou wè ak pitit ou a (sa gen ladan yon reyinyon pou pran desizyon oswa yon reyinyon sou disiplin) ki gen pou wè ak pitit ou a, epi, kèlkeswa ka a,
- Pou EI: Nan yon delè 10 jou kalandriye apre demann ou an;
- Pou ECSE: Nan yon delè 45 jou kalandriye apre demann ou an.

Nòmalman, se administratè pwogram nan ou dwe mande pou w gade dosye edikasyon yo. Dwa ou pou w enspekte ak gade dosye edikasyon yo gen ladan:

1. Dwa ou a yon repons nan men pwogram EI/ECSE an a demann rezonab ou an pou eksplikasyon ak entèpretasyon dosye yo;
2. Dwa ou pou w mande pou pwogram EI/ECSE an bay kopi dosye yo si ou pa kapab byen enspekte ak gade dosye yo sòf si ou resevwa kopi sa yo; **epi**,
3. Dwa ou pou w fè reprezantan w lan enspekte ak gade dosye yo.

Pwogram EI/ECSE an gen dwa sipoze ou gen otorite pou enspekte ak gade dosye ki gen pou wè ak pitit ou a sòf si yo fè li konnen ou pa gen otorite dapre

Iwa Oregon ki aplikab yo k ap kontwole zafè tankou titèl, oswa separasyon ak divòs.

Chak pwogram EI/ECSE dwe kenbe yon rejis pati ki ale nan dosye edikasyon yo kolekte, kenbe, oswa itilize yo dapre IDEA a (eksepte lè se paran yo ak anplwaye ajans patisipan an ki gen otorizasyon), sa gen ladan non pati an, dat yo ba li aksè a, ak nan ki objektif pati an gen otorizasyon sèvi ak dosye yo.

Si gen yon dosye edikasyon ki gen ladan enfòmasyon sou plis pase yon sèl timoun, paran timoun sa yo gen dwa pou yo enspekte ak gade enfòmasyon ki gen pou wè ak pitit pa yo a sèlman oswa pou yo mete yo okouran enfòmasyon patikilye sa yo.

Sou demann, pwogram EI/ECSE an dwe ba ou yon lis kalite ak anplasman dosye edikasyon ajans la kolekte, kenbe, oswa itilize yo.

Pwogram EI/ECSE an gen dwa mande peye ou yon frè pou kopi dosye yo fè pou ou dapre IDEA a, si frè a pa an reyalye anpeche ou egzèse dwa ou pou w enspekte ak gade dosye sa yo. Pwogram EI/ECSE an pa gen dwa mande peye frè pou chèche oswa pou rale enfòmasyon dapre IDEA a.

Men, pou EI, pwogram EI/ECSE w lan dwe ba ou gratis:

1. Yon premye kopi dosye entèvansyon bonè (EI) timoun nan;
2. Yon kopi chak evalyasyon, tès yo fè pou pitit ou a, evalyasyon fanmi, ak IFSP kou sa posib apre chak IFSP.

Kisa mwen ka fè si mwen vle korije dosye edikasyon pitit mwen an?

Pou EI: Si ou panse enfòmasyon ki nan dosye edikasyon yo sou pitit ou oswa sou ou kòm paran, pa kòrèk, ap twonpe, oswa vyole konfidansyalite oswa lòt dwa pitit ou, ou gen dwa mande pwogram EI/ECSE ki kenbe enfòmasyon yo pou li chanje enfòmasyon yo.

Pou ECSE: Si ou panse enfòmasyon ki nan dosye edikasyon yo sou pitit ou a, pa kòrèk, ap twonpe, oswa vyole konfidansyalite oswa lòt dwa pitit ou, ou gen dwa mande pwogram EI/ECSE ki kenbe enfòmasyon yo pou li chanje enfòmasyon yo.

Pwogram EI/ECSE an dwe deside si wi ou non l ap chanje enfòmasyon yo konfòmman ak demann ou an nan yon peryòd rezonab apre li fin resevwa demann ou an. Si pwogram EI/ECSE an refize chanje enfòmasyon yo jan ou mande li an, li dwe mete ou okouran refi sa a epi fè ou konnen ou gen dwa a yon odyans.

Pwogram EI/ECSE an dwe, sou demann, ba ou chans jwenn yon odyans pou konteste enfòmasyon ki nan dosye edikasyon yo sou pitit ou a pou garanti yo pa enkòrèk, ap twonpe, oubyen an vyolasyon konfidansyalite oswa lòt dwa pitit ou a.

Yon odyans pou konteste enfòmasyon nan dosye edikasyon dwe fèt dapre pwosedi yo pou odyans sa yo dapre Lwa sou Dwa a Enstriksyon ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi an (FERPA).

Si, kòm rezilta odyans la, pwogram EI/ECSE an deside enfòmasyon yo pa kòrèk, y ap twonpe, oubyen yo an vyolasyon konfidansyalite oswa lòt dwa pitit ou a, li dwe chanje enfòmasyon yo an konsekans epi mete ou okouran alekri.

Si, kòm rezilta odyans la, pwogram EI/ECSE an deside enfòmasyon yo ni pa kòrèk, ni p ap twonpe, ni pa an vyolasyon konfidansyalite oswa lòt dwa pitit ou a, li dwe mete ou okouran dwa ou pou mete nan dosye li kenbe sou pitit ou a yon deklarasyon ki kòmante sou enfòmasyon yo oswa ki bay tout rezon ki fè ou pa dakò avèk desizyon pwogram EI/ECSE an.

Eksplikasyon ou an:

1. Pwogram EI/ECSE an dwe kenbe li kòm yon pati nan dosye pitit ou a depi se pwogram EI/ECSE an k ap kenbe dosye a oswa pòsyon ou konteste a; **epi**,
2. Si pwogram EI/ECSE an divilge dosye pitit ou a oswa pòsyon ou konteste a bay nenpòt pati, li dwe bay pati sa a eksplikasyon an tou.

Kisa yo rele enfòmasyon ki “pèmèt idantifye moun”?

W ap jwenn definisyon enfòmasyon ki pèmèt idantifye moun nan FERPA, 34 CFR 99.1 jiska 99.38, ki pwoteje dosye timoun ki gen andikap, sa gen ladan dosye entèvansyon bonè ak edikasyon espesyal timoun anbazay. IDEA a, adopte tou definisyon “dosye edikasyon” ki nan 34 CFR Pati 99, FERPA. Pou EI, pawòl dosye edikasyon an vle di dosye entèvansyon bonè.

Enfòmasyon ki pèmèt idantifye moun gen ladan enfòmasyon tankou:

- (a) Non pitit ou, non ou kòm paran, oswa non yon lòt manm nan fanmi an;
- (b) Adrès pitit ou a;
- (c) Yon idantifikatè pèsònèl, tankou nimewo sekirite sosyal pitit ou a oswa nimewo elèv li;
- (d) Yon lis karakteristik pèsònèl oswa lòt enfòmasyon ki t ap fè sa posib pou idantifye pitit ou a avèk sètitud rezonab;
- (e) Lòt enfòmasyon, tankou dat pitit ou a te fèt, kote li te fèt, ak non jènfi manman an.

Èske dosye edikasyon pitit mwen an se bagay konfidansyèl?

Wi, Lwa sou Dwa a Enstriksyon ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi an (FERPA) ak IDEA pwoteje konfidansyalite dosye edikasyon ak enfòmasyon ki pèmèt idantifye pitit ou a tou.

Chak Pwogram EI/ECSE dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ki pèmèt idantifye moun nan etap ranmasaj, estokaj, divilgasyon, ak destriksyon yo.

Gen yon ofisyèl nan chak ajans patisipan ki dwe pran responsabilite garanti konfidansyalite tout enfòmasyon ki pèmèt idantifye moun.

Tout moun k ap kolekte oswa itilize enfòmasyon ki pèmèt idantifye moun dwe resewa fòmasyon oswa enstriksyon sou politik ak pwosedi Oregon yo nan sa ki gen pou wè ak konfidansyalite dapre IDEA ak FERPA.

Chak pwogram EI/ECSE dwe kenbe, pou enspeksyon piblik, yon lis ajou non ak pòs anplwaye sa yo anndan ajans la ki gen dwa ale nan enfòmasyon ki pèmèt idantifye moun yo.

Sòf si enfòmasyon yo se nan dosye edikasyon yo ye, e divilgasyon an otorize san konsantman paran dapre Lwa sou Dwa a Enstriksyon ak Pwoteksyon Vi Prive Fanmi an (FERPA), yo dwe jwenn konsantman ou anvan yo bay pati ki pa anplwaye nan pwogram EI/ECSE pitit ou a enfòmasyon ki pèmèt idantifye moun.

Eksepte nan sikonstans ki presize pi ba a, konsantman ou pa obligatwa anvan yo bay ofisyèl oswa ajans patisipan enfòmasyon ki pèmèt idantifye moun nan objektif respekte yon egzijans IDEA a.

Pou ECSE: Si ou enskri pitit ou a nan yon lekòl prive ki pa nan menm distrik lekòl kote ou rete a, yo dwe jwenn konsantman ou anvan yo bay kèlkeswa enfòmasyon ki pèmèt idantifye moun ant ofisyèl ki nan distrik lekòl kote lekòl prive a ye a ak ofisyèl ki nan distrik lekòl kote ou rete a.

PWOTEKSYON YO

An jeneral, ou dwe bay konsantman ekri pou moun ki pa anplwaye nan pwogram EI/ECSE pitit ou a ka gade dosye edikasyon pitit ou a sòf si divilgasyon an jwenn otorizasyon san konsantman paran dapre FERPA epi, pou EI dapre IDEA.

Jeneralman, FERPA otorize pou yo divilge dosye pitit ou a san konsantman ou bay:

- pwofesè ak lòt manm pèsònèl pwogram nan ki gen yon “enterè valab nan zafè edikasyon;”
- Yon lòt pwogram, distrik oswa ajans edikasyon si w ap transfere ale nan distrik oswa ajans sa a oswa resevwa sèvis nan men li.

Yo gen dwa divilge dosye pitit ou a san konsantman ou tou nan sikonstans limite ki dekri nan lwa sou enstriksyon ak pwoteksyon vi prive fanmi an (FERPA). Paregzanp, yo pa bezwen konsantman ou pou obeyi lòd yon tribinal, oswa nan yon ijans nan kad sante oswa sekirite. Gen enfòmasyon, tankou non, adrès, ak aktivite pitit ou a, yo gen dwa divilge kòm “enfòmasyon anyè” **SI** ou pa siyen yon papye ki refize divilgasyon enfòmasyon anyè yo. Kontakte pwogram ou an pou jwenn kopi politik konplè pwogram ou an sou dosye yo.

Pwogram EI/ECSE ou an dwe fè ou konnen lè li pa bezwen ankò enfòmasyon ki pèmèt idantifye moun li te kolekte, kenbe, oswa itilize yo pou ofri pitit ou a sèvis EI/ECSE oswa si li pa obligatwa ankò pou yo kenbe yo dapre lwa federal ak eta ki aplikab yo.

Si ou mande sa, yo dwe detwi enfòmasyon yo. (Destriksyon vle di detwi fizikman idantifikatè pèsònèl ki nan enfòmasyon yo oswa wete yo pou enfòmasyon yo pa pèmèt idantifye yon moun ankò.)

Men, yo gen dwa kenbe yon dosye pèmanan sou non, adrès, ak nimewo telefòn pitit ou a ak patisipasyon li nan EI/ECSE san limitasyon sou tan. Pou EI, dosye pèmanan an gen dwa gen ladan tou non kowòdonatè sèvis ak founisè EI yo, done soti (sa gen ladan ane ak laj timoun nan lè li soti nan pwogram nan, ak tout pwogram li antre ladan yo lè li fin soti.

KONSANTMAN PARAN

Kisa “konsantman” vle di?

Konsantman vle di:

1. Yo ba ou tout enfòmasyon nèt nan lang natif-natal ou oswa pa yon lòt mwayen kominikasyon (tankou langaj siy, Bray, oswa kominikasyon pale) sou mezi w ap bay konsantman pou li an.
2. Ou konprann ak dakò alekri mezi sa a, e konsantman an dekri mezi sa a e li bay lis dosye (si genyen) yo pral bay yo ak kiyès yo pral bay yo; **epi**
3. Ou konprann konsantman an se yon bagay ou bay volontèman e ou gen dwa wete konsantman ou nenpòt lè.

Èske yo bezwen konsantman mwen pou evalye pitit mwen an?

Wi. Ajans piblik la dwe ba ou avi ekri epi li dwe jwenn konsantman eklere nan men ou anvan pou li kapab evalye oswa re-evalye pitit ou a. Ajans piblik la dwe fè ou konnen ki tès l ap fè pitit ou a fè.

Konsantman w lan pou premye evalyasyon an pa vle di ou bay konsantman tou pou pwogram ECSE a kòmanse bay pitit ou a sèvis ECSE.

Èske gen eksepsyon nan lè yo bezwen konsantman mwen pou evalye pitit mwen an?

Wi. Yo pa bezwen konsantman paran anvan pou yo (1) egzaminen enfòmasyon ki te la deja nan kad yon evalyasyon oswa re-evalyasyon; (2) fè tès oswa evalyasyon yo bay tout timoun (sòf si paran tout timoun yo dwe bay konsantman anvan tès la) oswa (3) fè tès evalyasyon, pwosedi oswa sèvi ak zouti yo idantifye nan IFSP timoun nan kòm mezi pou detèmine pwogrè.

Epitou, pou ECSE, ajans piblik la gen dwa re-evalye pitit ou san konsantman ekri ou si li pran mezi rezonab pou jwenn konsantman ou epi ou pa reponn. Règleman yo nan eta a toujou egzije pou paran bay konsantman anvan yon tès entelijans oswa pèsonalite.

Èske mwen gen dwa refize bay konsantman pou yo evalye oswa re-evalye pitit mwen an?

Wi, ou gen dwa refize bay konsantman pou yon evalyasyon oswa yon re-evalyasyon pitit ou a. Pou evite konfizyon, ou dwe fè ajans piblik la konn sa alekri si ou vle refize bay konsantman ou.

Pou ECSE: Si ou refize bay konsantman pou yon evalyasyon oswa re-evalyasyon, ajans piblik la gen dwa chèche evalye pitit ou a pase pa yon odyans pa vwa nòmal si li panse evalyasyon an nesèsè pou pitit ou a. Oumenm ak ajans piblik la gen dwa dakò eseye medyasyon pou rezoud dezakò nou yo. Menm jan ak pou premye evalyasyon yo, pwogram ECSE a pa vyole obligasyon li yo dapre IDEA a si li pa chèche fè re-evalyasyon an nan fason sa a.

Èske mwen gen dwa wete konsantman mwen te bay pou evalyasyon an?

Lè ou fin bay ajans piblik la konsantman ekri pou evalye oswa re-evalye pitit ou a, ou gen dwa revoke konsantman w lan sèlman pou aktivite evalyasyon ki poko fèt yo.

Èske yo bezwen konsantman mwen pou pitit mwen an resevwa sèvis EI?

Wi, ou dwe bay konsantman ekri anvan pou pwogram nan ka ofri pitit ou a sèvis EI. Yo bezwen konsantman ou pou chak sèvis EI ki dekri nan IFSP pitit ou a. Si ou rejte oswa refize yon sèvis, yo p ap ba li sèvis sa a. Y ap ba li lòt sèvis EI yo kanmenm.

Èske yo bezwen konsantman mwen pou pitit mwen an resevwa sèvis ECSE?

Wi, ECSE se yon pwogram edikasyon espesyal. Ou dwe bay konsantman eklere ekri anvan pou pwogram nan ka mete pitit ou a nan yon pwogram ECSE pou premye fwa. Lè ou bay konsantman pou sèvis ECSE, ou bay konsantman pou pitit ou apatisipe nan sèvis Pati B IDEA yo, ki gen ladan sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj lekòl si pitit ou a kalifye toujou lè li gen laj lekòl.

Konsantman pou Itilizasyon Avantaj ak Asirans Piblik (tankou Medicaid) pou Timoun ki nan pwogram ECSE (sa vle di timoun ki gen laj 3 jiska 21 nan)

Paran yo dwe bay konsantman eklere ekri anvan pou yon pwogram ECSE ka sèvi ak asirans piblik ou (paregzanp Medicaid) pou premye fwa. Konsantman sa a dwe presize: (a) enfòmasyon ki pèmèt idantifye moun ke yo gen dwa divilge yo (Paregzanp dosye enfòmasyon sou sèvis yo gen dwa bay yo); (b) objektif divilgasyon an (Paregzanp voye bòdwo pou sèvis); ak (c) ajans yo gen dwa fè divilgasyon ba li an (Paregzanp Medicaid). Konsantman an dwe presize tou ke paran an konprann ak dakò ke ajans piblik la gen dwa sèvi ak avantaj oswa asirans piblik timoun nan oswa paran an pou peye pou sèvis yo.

Distrik Lekòl yo dwe ba ou avi ekri anvan pou yo mande konsantman sa a e anvan pou yo sèvi ak avantaj piblik timoun nan oswa paran an pou premye fwa. Distrik Lekòl la dwe ba ou avi ekri sa a **chak ane** tou lè li fin jwenn konsantman ou pou sèvi ak avantaj piblik yo.

Èske mwen dwe bay konsantman pou yo sèvi ak avantaj oswa asirans piblik oswa prive pou sèvis EI/ECSE?

Y ap ofri sèvis EI/ECSE pou pitit ou gratis pou ni ou ni fanmi ou. Men, pwogram ou an k ap ofri sèvis yo gen dwa mande pou voye bòdwo pou asirans oswa avantaj piblik ou oswa pitit ou a (tankou Medicaid oswa Oregon Health Plan) oswa pou asirans prive ou pou ede peye sèvis EI/ECSE yo. Ou dwe bay pwogram ou an konsantman ekri pou li fè sa. Si pitit ou a gen laj twazan pou pi piti w ap jwenn enfòmasyon sou konsantman ak avi ki nesèsè yo pi wo a.

Yo pa ka voye bòdwo ni pou asirans piblik oswa prive pa w la ni pou pa pitit ou a pou sèvis pitit ou a gen dwa resevwa gratis tankou:

1. Evalyasyon ak tèks pou pitit ou a;
2. Kowòdonasyon sèvis pou ou oswa pou pitit ou a;
3. Elaborasyon, revizyon ak evalyasyon IFSP yo.

Si ou bay konsantman pou yo voye bòdwo pou asirans pa w la oswa pou pa pitit ou a pou sèvis pwogram ou an t ap peye depans pou yo tankou dediktib oswa kopeman ki asosye ak sèvis sa yo. Si ou pa dakò avèk depans ki asosye ak bòdwo asirans yo ou gen dwa sèvi ak nenpòt nan pwosesis ki dekri yo nan “Rezolisyon Dezakò.”

Pa gen depans anplis pou sèvis pou fanmi ki gen asirans piblik oswa prive. Yo p ap retade ni refize sèvis yo poutèt ou ka pa peye oswa poutèt ou refize bay konsantman pou sèvi ak asirans piblik oswa prive ou.

Èske mwen gen dwa refize bay konsantman pou pitit mwen resevwa sèvis ECSE?

Wi, ou gen dwa refize bay konsantman pou premye plasman pitit ou a nan edikasyon espesyal. Pou evite konfizyon, ou dwe fè pwogram nan konn sa alekri si ou vle refize bay konsantman ou.

Si ou swete revoke (anile) konsantman w lan lè pitit ou a fin kòmanse resevwa ECSE ak sèvis ki gen pou wè ak sa, ou dwe fè sa alekri. Lè ou wete konsantman w lan sa pa anile (defèt) yon aksyon ki te pase lè ou te fin bay konsantman w lan men anvan ou te wete li. Anplis de sa, Pwogram ECSE a pa oblije amande (chanje) dosye edikasyon pitit ou a pou wete kèlkeswa referans ki montre pitit ou a te resevwa ECSE ak sèvis ki gen pou wè ak sa lè ou fin wete konsantman w lan.

Si ou pa reponn yon demann pou bay konsantman ou pou pitit ou a resevwa ECSE ak sèvis ki gen pou wè ak sa pou premye fwa, oswa si ou refize bay konsantman sa a oswa si pi ta ou revoke (anile) konsantman w lan alekri, Pwogram ECSE w lan pa gen dwa sèvi ak pwosedri pwoteksyon yo (sa vle di, medyasyon, plent pa vwa nòm, reyinyon pou rezolisyon, oswa odyans enpasyal pa vwa nòm) pou li jwenn akò oswa yon desizyon pou yo bay pitit ou a ECSE ak sèvis ki gen pou wè ak sa yo (ke Ekip IFSP pitit ou a rekòmande yo) san konsantman ou.

Si ou refize bay konsantman pou pitit ou a resevwa sèvis ECSE pou premye fwa, oswa si ou pa reponn yon demann pou w bay konsantman sa a oswa si pi ta ou revoke (anile) konsantman w lan alekri epi pwogram ECSE a pa bay pitit ou a sèvis ECSE li t ap chèche konsantman w lan pou yo a, pwogram ECSE a:

1. Pa an vyolasyon egzijans pou mete yon edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE) disponib pou pitit ou a poutèt li pa bay pitit ou a sèvis sa yo; **epi**.
2. Li pa obligatwa pou gen yon reyinyon pou IFSP oswa pou elabore yon IFSP pou pitit ou a pou sèvis ECSE yo te mande konsantman ou pou yo a.

Si ou revoke (anile) konsantman ou alekri a nenpòt ki moman lè yo fin kòmanse bay pitit ou a ECSE ak sèvis ki gen pou wè ak sa, alòs Pwogram ECSE a pa gen dwa kontinye bay sèvis sa yo, men li dwe ba ou preyavi ekri, jan sa dekri anba antèt ***Preyavi Ekri*** an, anvan li sispann sèvis sa yo.

Règ espesyal pou premye evalyasyon pwoteje Eta a

Si yon timoun se pwoteje eta a e li pa rete kay yon paran, pwogram ECSE a pa bezwen konsantman paran an pou yon premye evalyasyon pou detèmine si timoun nan se yon timoun ki gen andikap si:

1. Malgre efò rezonab pou fè sa, pwogram ECSE a pa ka jwenn paran timoun nan;
2. Yo anile dwa paran yo konfòmman ak lwa Eta a; **oswa**.
3. Gen yon jij ki bay yon moun ki pa paran an dwa pou li pran desizyon sou edikasyon e pou li bay konsantman pou yon premye evalyasyon.

Pwoteje Eta a, jan yo itilize li nan IDEA a, vle di yon timoun ki, dapre sa Eta kote timoun nan rete a detèmine, se:

1. Yon timoun yo mete nan fwaye dakèy;
2. Yo konsidere li kòm pwoteje eta a dapre lwa eta a; **oswa**,
3. Se yon ajans piblik pwoteksyon timoun k ap okipe li.

Pwoteje Eta a pa gen ladan timoun ki nan fwaye dakèy ki gen paran dakèy. Nan Oregon, yon pwoteje eta a se yon timoun Depatman Sèvis Sosyal (Department of Human Services) ap okipe, oswa yo konfyè timoun nan ba yo, pa aksyon tribinal pou timoun nan.

Lòt egzijans pou konsantman – ECSE

Pwogram ECSE a dwe kenbe dosye sou efò rezonab li yo pou li jwenn konsantman paran pou premye evalyasyon yo, pou bay sèvis ECSE pou premye fwa, pou fè re-evalyasyon ak pou jwenn paran pwoteje eta a pou premye evalyasyon yo. Dokimantasyon an dwe gen ladan nòt sou tantativ pwogram ECSE a nan domèn sa yo, tankou:

1. Nòt detaye sou apèl telefonik ki fèt oswa ki eseye fèt ak rezilta apèl sa yo;
2. Kopi lèt yo voye pou paran yo ak tout repons yo resevwa; **epi**,
3. Nòt detaye sou vizit yo fè lakay oswa nan travay paran an ak rezilta vizit sa yo.

Pwogram EI/ECSE ou an pa gen dwa sèvi ak dèske ou refize bay konsantman pou yon sèvis oswa aktivite pou li refize ba ou oswa pitit ou a kèlkeswa lòt sèvis, avantaj, oswa aktivite a.

Si ou enskri pitit ou a nan yon lekòl prive ou peye ak lajan nan pòch ou epi ou pa bay konsantman ou pou premye evalyasyon pitit ou a oswa pou re-evalyasyon pitit ou a, oswa si ou pa reponn yon demann pou w bay konsantman ou, pwogram ECSE a pa gen dwa sèvi ak pwosedri pou pase sou konsantman an (sa vle di, medyasyon, odyans enpasyal pa vwa nòmal) e li pa oblije konsidere pitit ou a kalifye pou resevwa sèvis ekritab (sèvis yo mete disponib pou sèten timoun ki gen andikap paran yo mete nan lekòl prive).

PREYAVI EKRI

Pwogram EI/ECSE ou an dwe ba ou avi ekri (ba ou sèten enfòmasyon alekri), depi li:

1. Pwopoze kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman pedagogik pitit ou a, oswa òf sèvis entèvansyon bonè pou yon timoun depi lè li fèt jiska twazan oswa òf edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE) pou yon timoun ki gen laj twa jiska senk an; **oswa**
2. Refize kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman pedagogik pitit ou a, oswa òf sèvis entèvansyon bonè pou yon timoun depi lè li fèt jiska twazan oswa òf FAPE pou timoun ki gen laj twa jiska senk an.

Ki lè pwogram nan dwe ba ou preyavi ekri?

Anplis dèske yo oblije mande ou patisipe nan pran desizyon, ou gen dwa pou pwogram nan mete ou okouran alekri desizyon enpòtan ki gen konsekans sou sèvis EI/ECSE pitit ou a yon tan rezonab alavans anvan yo mete desizyon sa yo anplas. Sa gen ladan desizyon pou:

- Idantifye pitit ou a kòm yon timoun ki gen andikap, oswa chanje kalifikasyon pitit ou a soti nan yon andikap al nan yon lòt;
- Evalye oswa re-evalye pitit ou a;
- Pou EI, ofri sèvis entèvansyon bonè pou pitit ou a oswa chanje yon eleman nan sèvis EI pitit ou a;
- Pou ECSE, ofri pitit ou a edikasyon piblik gratis apwopriye oswa chanje yon eleman nan edikasyon piblik gratis apwopriye pitit ou a;
- Elabore yon IFSP pou pitit ou a, oswa chanje IFSP pitit ou a; **oswa**,
- Mete pitit ou a nan sèvis EI/ECSE oswa chanje kote pitit ou a ap resevwa sèvis EI/ECSE yo.

Ou gen dwa tou pou w resevwa preyavi ekri nan men pwogram nan lè pwogram nan refize demann ou an pou pran mezi sa yo.

Ki enfòmasyon avi ekri an dwe gen ladan?

Preyavi ekri an dwe gen ladan:

- Mezi pwogram nan pwopoze oswa refize pran an;
- Poukisa pwogram nan pwopoze oswa refize mezi an;
- Deskripsyon tout lòt opsyon yo te konsidere ak rezon ki fè yo te rejte opsyon sa yo;
- Deskripsyon chak pwosedir evalyasyon, tès, dosye oubyen rapò ki sèvi kòm baz pou pwopoze oswa refize mezi an;
- Deskripsyon tout lòt faktè ki enpòtan pou mezi yo pwopoze oswa refize a;
- Yon deklarasyon pwosedir plent yo, sa gen ladan deskripsyon kijan pou depoze plent ak delè yo dapre pwosedir sa yo;
- Kopi ti liv *Avi sou Pwosedir Pwoteksyon* sa a oswa kijan ou ka jwenn yon kopi; **epi**,
- Sous pou w kontakte pou yo ede ou konprann pwosedir pwoteksyon sa yo.

Yo dwe ba ou preyavi ekri an nan lang natif-natal ou sòf si li klè sa pa posib. Avi an dwe nan yon lang ekri piblik jeneral la ka konprann.

Si lang natif-natal ou a oswa lòt mwayen kominikasyon w lan se pa yon lang ekri, pwogram nan dwe pran dispozisyon pou:

- Yo tradui avi an oralman oswa pa lòt mwayen nan lang natif-natal ou oswa lòt mwayen kominikasyon w lan;
- Ou konprann sa ki ekri nan avi an: **epi**.
- Gen prè ekri kondisyon sa yo respekte.

Lang natif-natal, lè se yon moun ki gen konpetans limite nan anglè ki ap itilize li, vle di:

1. Lang moun sa a nòmalman itilize a, oswa, nan ka yon timoun, lang paran timoun nan nòmalman itilize;
2. Nan tout kontak dirèk avèk yon timoun (sa gen ladan evalyasyon timoun nan), lang timoun nan itilize nòmalman lakay li oswa nan anviwònman aprantisaj la.

Pou yon moun ki soud oswa avèg, oswa pou yon moun ki pa gen lang ekri, mwayen kominikasyon an se sa moun nan nòmalman itilize (tankou langaj siy, Bray, oswa kominikasyon pale).

Èske mwen gen dwa mande wè avi yo pa imèl?

Si pwogram EI/ECSE ou an ofri paran yo chwa resevwa dokiman pa imèl, ou gen dwa chwazi resevwa bagay sa yo pa imèl:

1. Preyavi ekri;
2. Avi sou Pwosedri Pwoteksyon sa a **epi**,
3. Avi ki gen pou wè ak yon odyans pa vwa nòmal.

EVALYASYON AK RE-EVALYASYON

Si pitit mwen an ap resevwa sèvis EI, èske pitit mwen an ap bezwen pou yo evalye li pou li kalifye pou sèvis ECSE?

Wi. Si pitit ou a ap resevwa sèvis EI, y ap gen pou yo evalye pitit ou a pou kalifikasyon pou ECSE anvan li vin gen twazan. Ekip IFSP a dwe egzaminen done evalyasyon ki la deja epi deside si wi ou non yo bezwen plis enfòmasyon pou detèmine si wi ou non pitit ou a kalifye pou sèvis ECSE.

Si pitit mwen an ap resevwa sèvis ECSE, èske pitit mwen an ap bezwen pou yo re-evalye li pou li kalifye pou sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj lekòl?

Si ECSE idantifye pitit ou a kòm yon timoun ki gen andikap, pitit ou a pral rete kalifye pou sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj lekòl. Distrik lekòl la gen dwa, men li pa oblije, fè yon re-evalyasyon pou rekonsidere kalifikasyon an.

Ekip IFSP a dwe egzaminen enfòmasyon evalyasyon ki la deja epi deside si wi ou non yo bezwen plis enfòmasyon pou detèmine si wi ou non pitit ou a kalifye pou edikasyon espesyal nan youn nan kategori sa yo.

Si ekip la pa sispèk andikap ki nan yon kategori **oswa** si li deside li pa bezwen plis enfòmasyon pou detèmine si wi ou non pitit ou a ap rete kalifye pou edikasyon espesyal, ajans piblik la dwe mete ou okouran desizyon sa a ak rezon ki fè yo pran li. Ou toujou gen dwa pou w mande yon evalyasyon pou detèmine si wi ou non pitit ou a rete

kalifye. Ajans piblik la pa oblije fè evalyasyon pou pitit ou a sòf si ou mande li.

Si pitit mwen an nan pwogram ECSE an, chak konbyen twa y ap re-evalye pitit mwen an?

Yo p ap re-evalye pitit ou a plis pase yon fwa pa ane, sòf si oumenm ak ajans piblik la dakò yon lòt bagay. Pou ECSE ak timoun ki gen laj lekòl, gen yon sèten fòm re-evalyasyon, oswa konsiderasyon re-evalyasyon, ki nòmalman fèt chak twazan, men li gen dwa fèt pi souvan.

EVALYASYON PEDAGOJIK ENDEPANDAN-ECSE SÈLMAN

Kisa yo rele evalyasyon pedagogik endepandan?

Yon evalyasyon pedagogik endepandan (independent educational evaluation, IEE) se yon evalyasyon yon egzaminatè kalifye ki pa anplwaye distrik lekòl ki responsab edikasyon pitit ou a, ap fè. Ou gen dwa a yon evalyasyon pedagogik endepandan sou kont leta si ou pa dakò ak evalyasyon ajans piblik la fè pou pitit ou a. Sou kont leta vle di ajans piblik la dwe fè aranjman pou fè evalyasyon an pou ou gratis.

Ou gen dwa a yon sèl evalyasyon pedagogik endepandan pou pitit ou a sou kont leta chak fwa ajans piblik la fè yon evalyasyon pou pitit ou a epi ou pa dakò avèk li.

Kisa kritè yo ye pou yon evalyasyon pedagogik endepandan?

Si gen yon evalyasyon pedagogik endepandan ki sou kont leta, kritè pou yo fè evalyasyon an, sa gen ladan kote evalyasyon an ap fèt, kalifikasyon egzaminatè a, ak pri an, dwe menm ak kritè ajans piblik la itilize yo lè l ap kòmanse yon evalyasyon (nan mezi kritè sa yo ale ak dwa ou a yon evalyasyon pedagogik endepandan).

Eksepte pou kritè ki dekri pi wo a, yon ajans piblik pa gen dwa enpoze ni kondisyon ni delè nan sa ki gen pou wè ak fè evalyasyon pedagogik endepandan sou kont leta.

Ajans piblik la dwe ba ou, sou demann, chans demontre gen sikonstans san parèy ki jistifye yon evalyasyon pedagogik endepandan ki pa respekte kritè ajans la.

Kijan pou mwen mande yon evalyasyon pedagogik endepandan?

Si ou mande yon evalyasyon endepandan, li enpòtan pou fè ajans piblik la konnen aklè ou fè demann sa a. Ajans piblik la gen dwa mande poukisa ou pa dakò ak evalyasyon li fè pou pitit ou a. Ou gen dwa, men ou pa oblije, bay eksplikasyon.

Si ou mande yon evalyasyon pedagogik endepandan, ajans piblik la dwe san pèdi tan, fè ou konnen ki kote ou ka jwenn yon evalyasyon pedagogik endepandan, epi mete ou okouran kritè ajans piblik la pou evalyasyon pedagogik endepandan. Ou pa oblije sèvi ak yon evalyatè ki sou lis ajans piblik la.

Si ou mande yon evalyasyon endepandan, oswa ranbousman pou yon evalyasyon endepandan, ajans piblik la dwe reponn demann ou an san pèdi tan. Ajans

iblik la dwe swa mande yon odyans pa vwa nòmral pou montre evalyasyon li an apwopriye pou pitit ou a, oswa fè ou jwenn yon evalyasyon endepandan gratis.

Si ajans piblik la kòmmanse yon odyans pa vwa nòmral epi desizyon final la se evalyasyon ajans piblik la apwopriye, ou gen dwa jwenn yon evalyasyon pedagojik endepandan men w ap peye li ak lajan nan pòch ou.

Kisa k ap rive avèk rezilta evalyasyon pedagojik endepandan an?

Si ou jwenn yon evalyasyon pedagojik endepandan, pwogram ECSE a dwe konsidere rezilta evalyasyon an nan tout desizyon ki gen pou wè ak edikasyon piblik gratis apwopriye pitit ou a. Yo gen dwa prezante rezilta evalyasyon an kòm prèv nan yon odyans pa vwa nòmral.

REZOLISYON DEZAKÒ

Kisa mwen gen dwa fè pou rezoud yon dezakò sou pwogram EI oswa ECSE pitit mwen an?

Si w ap trakase poutèt sèvis EI/ECSE pitit ou a, nou sijere pou premye etap ou se pale ak kowòdonatè sèvis pitit ou a oswa ak yon administratè pwogram EI/ECSE a. Li itil pou okipe pwoblèm yo lè yo fèk parèt pou yo ka pran mezi lepli vit posib pou sipòte relasyon travay la ant oumenm, pèsonèl la ak pitit ou a. Si pwoblèm yo pa rezoud, ou gen dwa mande medyasyon, depoze plent, oswa mande yon odyans pa vwa nòmral nan ODE.

Kisa yo rele medyasyon an?

Medyasyon se yon kalite reyinyon espesyal pou ede oumenm ak pwogram EI/ECSE pitit ou a mete nou dakò sou pwoblèm ou yo. Medyasyon an volontè, konfidansyèl, ak enfòmèl. Swa oumenm swa yon reprezantan pwogram nan gen dwa mande medyasyon, men nou toulede dwe dakò eseye medyasyon an anvan medyasyon an planifye. ODE responsab peye depans pou pwosesis medyasyon an.

Moun k ap mennen medyasyon an rele yon medyatè. Yon medyatè se yon moun san paspouki ki fòme nan estrateji pou ede moun rezoud dezakò sou pwoblèm difisil. Medyatè a pa dwe gen enterè ni pèsonèl ni pwofesyonèl ki an konfli ak objektivite medyatè a. Si oumenm ak pwogram ou an dakò eseye medyasyon, oumenm ak pwogram nan pral chwazi yon medyatè nan yon lis medyatè kalifye ODE ap ba nou. Medyatè a p ap travay ni pou ou, ni pou pwogram nan, ni pou ODE. (Yo pa konsidere yon medyatè se yon anplwaye ODE senpleman poutèt ODE ap peye medyatè a pou li mennen medyasyon an).

Medyasyon pa gen dwa sèvi pou refize oswa retade dwa ou a yon odyans pa vwa nòmral, ni pou refize kèlkeswa lòt dwa ou genyen dapre IDEA a.

Chita pale ki fèt yo pandan medyasyon an se bagay konfidansyèl e yo pa ka sèvi kòm prèv nan ni odyans ni tribinal.

Ki lè medyasyon an disponib?

Medyasyon an disponib nan ODE pou pèmèt ou ak Pwogram EI/ECSE a rezoud dezakò ki gen pou wè ak nenpòt ki zafè dapre IDEA a, sa gen ladan zafè ki souleve anvan depo yon demann odyans pa vwa nòmral. Medyasyon an disponib pou rezoud konfli dapre

IDEA a, ke ou te mande odyans pa vwa nòmal oswa te depoze plent sou edikasyon espesyal ou non.

Chak reyinyon nan pwosesis medyasyon an dwe planifye rapidman epi fèt yon kote ki fasil pou ou ak pou pwogram EI/ECSE a.

Kijan pou mwen mande medyasyon?

Ou te mèt kontakte Kowòdonatè Medyasyon ODE a nan (503) 947-5797. Ou ka sèvi ak fòmilè demann medyasyon an ki disponib nan men ODE. Gade Resous yo.

Èske m oblije dakò eseye medyasyon?

Non. Medyasyon se yon bagay ki volontè. ODE ankouraje medyasyon, men ou pa oblije eseye medyasyon anvan yon odyans pa vwa nòmal oswa anvan ou depoze plent oswa pou sèvi ak kèlkeswa dwa ki nan ti liv sa a. Si ou pa fin sèten ou vle medyasyon, ODE gen dwa ofri ou chans rankontre avèk yon moun san paspouki ki ka eksplike avantaj ki genyen yo nan medyasyon an.

Sa k ap rive si nou arive antann nou nan medyasyon?

Si oumenm ak pwogram EI/ECSE a rezoud yon konfli gras a medyasyon, toude pati yo dwe siyen yon akò ki angaje yo devan lalwa, ki deklare rezolisyon an epi ki:

1. Deklare tout chita pale ki te fèt pandan pwosesis medyasyon an ap rete konfidansyèl e pa gen dwa sèvi kòm prèv nan okenn odyans pa vwa nòmal oswa pwosedi tribinal k ap fèt pi ta; **epi**
2. Ni ou ni reprezantan pwogram EI/ECSE a ki gen otorite angaje pwogram nan anvè akò a dwe siyen li.

Yon akò medyasyon ekri, siyen aplikab nan nenpòt tribinal eta ki gen otorite dapre lwa eta a pou li tande kalite dosye sa a oswa nan yon tribinal rejyonal federal.

Apa medyasyon, ki opsyon ki genyen pou rezoud konfli EI/ECSE epi ki diferans ki genyen ant yo?

Règleman IDEA yo gen de (2) lòt pwosedi pou rezoud konfli: Plent devan leta, yo rele yo pafwa plent sou edikasyon espesyal, ak odyans pa vwa nòmal. Jan nou eksplike li pi ba a, nenpòt ki moun oswa òganizasyon gen dwa depoze yon plent devan leta ki di gen yon pwogram EI/ECSE, yon distrik lekòl, ODE a oswa gen nenpòt lòt ajans piblik ki vyole yon egzijans IDEA a.

Kisa yo rele plent sou edikasyon espesyal?

Yon plent leta se yon deklarasyon ekri, siyen ki dekri yon vyolasyon IDEA posib pwogram EI/ECSE ou an komèt. Ladan w ap mande ODE pou li envestige epi rezoud pwoblèm nan.

Yon envestigasyon plent se yon egzamen enfòmèl, objektif ODE ap fè de pwoblèm ou yo. Ou pa gen pou peye pou envestigasyon sa a epi ou pa bezwen avoka.

Kisa delè yo ye pou depoze yon plent devan ODE?

Plent yo dwe gen pou wè ak yon vyolasyon ki te rive nan 12 mwa anvan ou depoze plent ou a devan ODE.

Kisa plent la dwe gen ladan?

Plent la dwe gen ladan:

1. Yon deklarasyon ki di pwogram EI/ECSE a, distrik lekòl la oswa lòt ajans piblik la vyole yon egzijans IDEA a oswa règleman li yo;
2. Fè ki kore deklarasyon an;
3. Siyati ak kowòdone pleyan an (moun oswa ajans k ap plenyen an); **epi**,
4. Si l ap fè akizasyon vyolasyon ki gen pou wè ak yon timoun an patikilye:
 - (a) Non timoun nan ak adrès kote timoun nan rete a;
 - (b) Non Pwogram EI/ECSE timoun nan;
 - (c) Nan ka yon timoun oswa jèn ki sanzabri, kowòdone ki disponib pou timoun nan ak non lekòl oswa program timoun nan;
 - (d) Deskripsyon nati pwoblèm nan, sa gen ladan fè ki gen pou wè ak pwoblèm nan; **epi**,
 - (e) Pwopozisyon yon solisyon pou pwoblèm lan nan mezi yo konnen e ki disponib pou pati k ap depoze plent la nan moman li depoze plent la.

Ou gen dwa sèvi ak fòmilè plent ODE a pou enfòmasyon sa yo: <http://www.ode.state.or.us/search/page/?id=1219>.

Y ap voye plent ekri yo pou:

Deputy Superintendent of Public Instruction
Oregon Department of Education
255 Capitol Street NE
Salem, OR 97310

Attention: Student Services

Pati k ap depoze plent la dwe transfere yon kopi plent la bay pwogram EI/ECSE a oswa lòt ajans piblik k ap sèvi timoun lan nan menm moman pati an depoze plent la devan ODE.

Sa k ap rive lè mwen fin voye plent sou edikasyon espesyal la pou ODE?

ODE pral kontakte ou ak pwogram nan touswit pou fè chita pale sou opsyon ki genyen yo pou rezoud plent la, sa gen ladan medyasyon. ODE ap idantifye ki akizasyon li gen dwa envestige tou.

Kisa delè ODE yo ye pou rezoud yon plent?

Si ou depoze kalite plent ekri sa a, ODE dwe fè tout envestigasyon epi voye yon lòd ekri nan yon delè 60 jou.

Yo gen dwa pwolonje delè sa a pou sikonstans eksepsyonèl ki gen pou wè ak plent la. Yo gen dwa pwolonje delè a tou si paran an ak pwogram EI/ECSE a dakò volontèman pou pwolonje delè a pou eseye medyasyon oswa rezolisyon lokal.

Nan delè sa a ODE dwe:

1. Fè envestigasyon endepandan sou plas, si ODE jije yon envestigasyon nesèsè;

2. Bay pleyan an chans bay plis enfòmasyon, keseswa oral oswa ekri, sou akizasyon ki nan plent lan;
3. Bay pwogram EI/ECSE a oswa lòt ajans piblik la chans reponn plent la, sa gen ladan, ominimòm: (a) si ajans la vle, yon pwopozisyon pou rezoud plent la; **ak** (b) chans pou paran ki depoze plent la ak ajans la mete yo dakò volontèman pou yo eseye medyasyon;
4. Gade tout enfòmasyon ki gen pou wè ak plent la epi detèmine yon fason endepandan si wi ou non distrik lekòl la oswa lòt ajans piblik la ap vyole yon egzijans ki nan IDEA a; **epi**.
5. Voye yon desizyon ekri ki reponn chak akizasyon ki nan plent la avèk (a) fè yo jwenn ak konklizyon yo tire yo; **epi** (b) rezon desizyon final ODE a.

Kisa yo rele lòd ekri?

Yon lòd ekri gen ladan fè yo jwenn sou akizasyon yo, konklizyon yo, sa ki di nan chita pale a, ak tout mezi koreksyon yo òdone.

Lòd final la pa idantifye ni ou ni pitit ou a pa non. Lòd final la se yon dosye piblik. Yo konsidere yon lòd final pou yon plent kòm yon dosye ki pa konteste dapre lwa eta a.

Si ou pa satisfè ak lòd final la, ou gen dwa fè apèl nan yon delè 60 jou devan Tribinal Rejyonal Konte Marion oswa devan Tribinal Rejyonal konte kote ou rete a.

Lòd pou plent la pa anpeche paran yo pou yo mande yon odyans pa vwa nòmral sou menm vyolasyon yo.

Kisa yo dwe mete kòm mezi koreksyon?

Lè l ap rezoud yon plent devan leta kote ODE konkli yo pa t bay sèvis ki apwopriye yo, ODE dwe okipe:

1. Mankman a bay sèvis ki apwopriye yo, sa gen ladan mezi koreksyon ki apwopriye pou reponn bezwen timoun nan; **epi**.
2. Founiti sèvis apwopriye pi devan pou tout timoun ki gen andikap.

Lòd final la dwe gen ladan pwosedir pou aplikasyon toutbon desizyon final ODE a, si sa nesèsè, sa gen ladan: (a) aktivite asistans teknik; (b) negosyasyon; **ak** (c) mezi koreksyon pou fè tout pati yo konfòme yo.

Oumenm oswa pwogram EI/ECSE a gen dwa depoze yon demann odyans pa vwa nòmral sou nenpòt zafè ki gen pou wè ak pwopozisyon oswa refi kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman edikatif pitit ou a oswa bay pitit ou a sèvis entèvansyon bonè pou yon timoun depi lè li fèt jiska laj twazan oswa yon edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE) pou yon timoun ki gen laj twa jiska senk an.

Pèsonèl ODE a dwe rezoud yon plent devan leta epi bay yon lòd final nan yon delè 60 jou kalandriye, sòf si delè a pwolonje kòm sadwa.

Yon ajan odyans pa vwa nòmral enpasyal (yo rele li yon jij administratif, oswa administrative law judge, ALJ) dwe fè yon odyans pa vwa nòmral (si li pa rezoud nan yon reyinyon pou rezolisyon oswa nan medyasyon) epi bay yon desizyon ekri nan yon delè 45 jou kalandriye apre finisman peryòd rezolisyon an sòf si ALJ an akòde yon pwolongasyon presi delè a sou demann ou oswa sou demann pwogram nan.

Kisa k ap rive si mwen depoze yon plent epi mwen mande yon odyans pa vwa nòm al an menm tan?

Si yo resevwa yon plent ekri devan leta ki sijè yon demann odyans pa vwa nòm al tou, oswa plent la gen plizyè pwoblèm epi omwen youn nan yo fè pati yon demann odyans, ODE dwe mete sou kote plent la, oswa tout pati nan plent la y ap okipe nan odyans pa vwa nòm al la jiskaske odyans la fini. Tout pwoblèm nan plent la ki pa fè pati odyans pa vwa nòm al la dwe rezoud nan delè epi avèk pwosedi ki dekri pi wo a.

Si gen yon pwoblèm ki souve nan yon plent ki te jwenn desizyon deja nan yon odyans pa vwa nòm al kote se menm pati yo ki konsène (paran an ak distrik lekòl la), alòs gen obligasyon pou respekte desizyon odyans pa vwa nòm al la pou pwoblèm sa a epi ODE dwe fè pleyan an konnen gen obligasyon pou respekte desizyon an.

Yon plent ki akize yon pwogram EI/ECSE, yon distrik lekòl oswa yon lòt ajans piblik dèske yo pa aplike yon dezisyon odyans pa vwa nòm al, se ODE ki pou rezoud li.

Kisa yo rele odyans pa vwa nòm al?

Yon odyans pa vwa nòm al se yon pwosedi jiridik fòmèl devan yon jij administratif (ALJ) k ap pran desizyon sou kesyon fè ak dwa. ALJ an ap bay yon opinyon ekri, final tout pati yo dwe respekte.

Ki lè mwen ka mande yon odyans pa vwa nòm al?

Ou gen dwa mande yon odyans pa vwa nòm al si ou pa dakò ak idantifikasyon, evalyasyon, ak, plasman oswa lòt aspè ki gen pou wè ak sèvis EI pitit ou a epi pou edikasyon piblik gratis apwopriye ECSE a. Ou gen dwa mande yon odyans pa vwa nòm al “akselere” jan sa dekri nan *Seksyon Disiplin* nan

Kisa delè a ye pou mande yon odyans pa vwa nòm al?

Ou dwe mande yon odyans pa vwa nòm al anvan de (2) ane pase depi dat ou te vin okouran oswa te dwe okouran zak oswa mankman ki lakòz demann odyans la.

Delè de (2) ane sa a pa valab si ou pa t kapab mande yon odyans poutèt:

- Pwogram EI/ECSE a te fè ou konprann li te rezoud pwoblèm nan men se pa t vre; **oswa**,
- Pwogram EI/ECSE a pa t ba ou enfòmasyon pwogram nan te oblije ba ou.

Kijan pou mwen mande yon odyans pa vwa nòm al?

Oumenm (oswa avoka ou, si ou gen youn ki reprezante ou) oswa pwogram EI/ECSE a (oswa avoka pwogram nan) dwe voye yon demann odyans ekri pou ODE ak lòt pati an. Demann odyans ou an dwe gen ladan:

- Non ak adrès ou (oswa fason pou kontakte ou, si ou pa gen adrès) ak non pwogram EI/ECSE pitit ou a;
- Deskripsyon nati pwoblèm ki gen pou wè ak demann odyans la, sa gen ladan fè presi yo; **epi**,
- Tout sijesyon ou genyen pou rezoud dezakò a.

Gen yon modèl fòmilè pou mande yon odyans pa vwa nòmral ki disponib nan men ODE. (Gade Resous yo nan finisman ti liv la.) Ou ka sèvi ak modèl fòmilè ODE a oswa ak yon lòt fòmilè oswa dokiman ki apwopriye, depi li gen ladan enfòmasyon obligatwa yo pou depoze yon demann odyans pa vwa nòmral.

Ni ou ni pwogram EI/ECSE a pa gen dwa gen odyans pa vwa nòmral toutotan oumenm oswa pwogram EI/ECSE a (oswa avoka ou oswa avoka pwogram EI/ECSE a) pa depoze yon demann odyans pa vwa nòmral ki gen ladan enfòmasyon sa yo.

Pa gen anyen nan seksyon pwosedri pwoteksyon nan règleman federal yo dapre Pati B nan IDEA a [34 CFR 300.500 jiska 300.536] ki anpeche ou depoze yon demann odyans pa vwa nòmral separe sou yon pwoblèm ki separe de yon demann odyans pa vwa nòmral ou te deja depoze.

Ki lè ajans piblik la ka mande yon odyans pa vwa nòmral?

Pou ECSE: Yon ajans piblik gen dwa mande yon odyans pa vwa nòmral lè gen yon paran ki refize bay konsantman pou yon premye evalyasyon oswa pou yon re-evalyasyon oswa, pou ECSE, pou demontre ajans piblik la te fè evalyasyon apwopriye oswa te ofri edikasyon piblik gratis apwopriye. Yon ajans piblik pa gen dwa mande odyans pa vwa nòmral pou pase sou yon paran ki refize bay konsantman pou plasman pou premye fwa nan ECSE oswa nan sèvis EI.

Kisa k ap rive apre yon demann odyans pa vwa nòmral?

Lè ou mande yon odyans, ODE ap voye pou ou kopi Avi sou Pwosedri Pwoteksyon sa a, fè ou konnen gen medyasyon disponib gratis, epi mete ou okouran tout sèvis jiridik gratis oswa bon mache. Biwo Odyans Administratif la (Office of Administrative Hearings) ap nonmen yon ALJ pou mennen odyans la. ALJ an ap kontakte ou pou òganize yon konferans anvan odyans.

Si se pwogram EI/ECSE ki te depoze demann odyans la, ou gen 15 jou apati de lè ou resevwa demann sa a pou fè ALJ an konnen si gen pwoblèm nan avi sa a. Menm jan an, si se ou ki te mande odyans la, pwogram nan gen 15 jou pou li fè ALJ an konnen si gen pwoblèm nan avi w lan.

ALJ an gen 5 jou pou li deside si wi ou non avi an suiv règ yo, e li dwe mete ou ak pwogram nan okouran touswit, alekri, de desizyon sa a.

Pou korije tout pwoblèm ki nan demann odyans ou an, ou gen dwa voye yon lòt demann si:

- EI/ECSE a dakò alekri; **oswa**,
- ALJ an dakò epi gen plis pase 5 jou ki rete anvan odyans la.

Lè ou voye yon lòt demann odyans sa ap rekòmanse delè pou fè odyans pa vwa nòmral la.

Pati ki mande odyans la pa gen dwa soulve pwoblèm nan odyans la ki pa t ekri nan demann odyans la, sòf si lòt pati an dakò.

Si pwogram EI/ECSE a poko ba ou avi ekri sou mezi EI/ECSE a ap pran an nan sa ki gen pou wè ak pwoblèm ki nan demann odyans ou an, pwogram EI/ECSE a gen 10 jou apati de lè li resevwa demann odyans ou an pou li voye avi sa a pou ou.

1. Eksplikasyon poukisa pwogram EI/ECSE a te pwopoze oswa refize pran mezi ki te soulve nan plent pa vwa nòm al la;
2. Deskripsyon lòt opsyon ekip plan sèvis famiyal endividyalize (individualized family service plan, IFSP) pitit ou a te konsidere yo ak rezon ki fè yo te rejte opsyon sa yo;
3. Deskripsyon chak pwosedi evalyasyon, egzamen, dosye, oswa rapò pwogram EI/ECSE a te itilize kòm baz pou pwopoze oswa refize mezi an; **epi**.
4. Deskripsyon lòt faktè ki te enpòtan pou pwogram EI/ECSE a pwopoze oswa refize mezi an.

Lè li bay enfòmasyon ki nan pwen 1-4 pi wo a sa pa anpeche pwogram EI/ECSE a pou li deklare demann odyans pa vwa nòm al ou a pa t lejitim. Sinon, pwogram nan gen 10 jou apati de lè li fin resevwa demann odyans ou a pou voye ba ou yon repons ki presizeman gen rapò ak pwoblèm ki nan demann odyans ou an.

Oumenm ak lòt manm yo nan ekip IEP a dwe rankontre pou yon “seyans rezolisyon” nan yon delè 15 jou apati de yon demann odyans.

Kisa yo rele seyans rezolisyon?

Yon seyans rezolisyon se yon reyinyon pou rezoud pwoblèm ki konsène pwogram EI/ECSE pitit ou a. Reyinyon an dwe gen ladan oumenm, manm yo nan ekip IFSP a ki okouran pwoblèm nan, ak yon reprezantan EI/ECSE ki gen otorite pou pran desizyon pou pwogram nan. Pwogram nan pa gen dwa mennen avoka sòf si oumenm ou mennen avoka pa w. Seyans rezolisyon an obligatwa sòf si oumenm ak pwogram nan dakò alekri pou nou renonse a reyinyon sa a, oswa si oumenm ak pwogram nan dakò eseye medyasyon pito.

Si oumenm ak pwogram nan mete nou dakò nan seyans rezolisyon an, oumenm ak pwogram nan ap siyen yon akò ekri ki bay lis tout akò nou arive fè yo. Menm jan ak yon akò medyasyon, akò sa a angaje tout pati yo devan lalwa epi yon tribinal gen dwa fòse aplikasyon li. Oumenm oswa pwogram nan gen dwa anile akò sa a si youn nan nou voye yon deklarasyon ekri pou lòt pati an nan yon delè twa jou ouvrap apre siyati an.

Kisa delè a ye pou odyans la?

Si pwoblèm nan pa rezoud yon fason ki satisfè ou pandan peryòd rezolisyon an, delè yo pou odyans pa vwa nòm al la ap kòmanse. Odyans la ak lòd final la dwe fini nan yon delè 45 jou apati de finisman peryòd rezolisyon an. ALJ an gen dwa bay plis tan si oumenm oswa pwogram nan mande plis tan.

Nan ki sikonstans yo ka rakousi oswa pwolonje peryòd rezolisyon 30 jou a?

Eksepte si oumenm ak pwogram EI/ECSE a dakò nou toude pou nou renonse a pwosesis rezolisyon an oswa pou nou sèvi a medyasyon, si ou pa patisipe nan reyinyon pou rezolisyon an sa ap retade delè yo pou pwosesis rezolisyon an ak odyans pa vwa nòm al la jiskaske ou dakò patisipe nan yon reyinyon pou rezolisyon.

Si apre li fè efò rezonab epi li dokimante efò sa yo, pwogram EI/ECSE a pa kapab jwenn patisipasyon ou nan reyinyon pou rezolisyon an, pwogram EI/ECSE a gen dwa, nan finisman peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a, mande pou yon ALJ anile demann

odyans pa vwa nòm al ou a. Dokimantasyon efò distrik la dwe gen ladan nòt sou tantativ pou fè aranjman pou yon lè ak yon kote nou toude dakò sou yo, tankou:

1. Nòt detaye sou apèl telefonik ki fèt oswa ki eseye fèt ak rezilta apèl sa yo;
2. Kopi lèt yo voye pou ou ak tout repons yo resevwa; **epi**.
3. Nòt detaye sou vizit yo fè lakay ou oswa nan travay ou ak rezilta vizit sa yo.

Si pwogram EI/ECSE a pa fè reyinyon pou rezolisyon an nan yon delè 15 jou kalandriye apati de lè li resevwa avi demann odyans pa vwa nòm al ou a **oswa** si li pa patisipe nan reyinyon pou rezolisyon an, ou gen dwa mande ALJ an pou li bay lòd pou kòmanse delè 45 jou kalandriye pou odyans pa vwa nòm al la.

Si oumenm ak pwogram EI/ECSE a dakò alekri pou nou renonse a reyinyon pou rezolisyon an, alòs delè 45 jou kalandriye pou odyans pa vwa nòm al la ap kòmanse nan landmen.

Aprè kòmansman medyasyon an oswa reyinyon pou rezolisyon an ak anvan finisman peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a, si oumenm ak pwogram EI/ECSE a dakò alekri pa gen akò ki posib, alòs delè 45 jou kalandriye pou odyans pa vwa nòm al la ap kòmanse nan landmen.

Si oumenm ak pwogram EI/ECSE a dakò eseye medyasyon, nan finisman peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a, toude pati yo ka mete yo dakò alekri pou yo kontinye pwosesis medyasyon an jiskaske yo jwenn yon akò. Men, si swa oumenm swa pwogram EI/ECSE a wete tèt li nan pwosesis medyasyon an, alòs delè 45 jou kalandriye pou odyans pa vwa nòm al la ap kòmanse nan landmen.

Kisa kalifikasyon yo ye pou ALJ yo?

Ominimòm, yon ALJ:

1. Pa ka anplwaye ni ODE ni pwogram EI/ECSE k ap patisipe nan edikasyon oswa swen timoun nan. Yon moun pa anplwaye ODE senpleman poutèt ODE peye li pou jwe wòl ALJ;
2. Pa dwe gen enterè ni pèsònèl ni pwofesyonèl ki an konfli ak objektivite ALJ an nan odyans la;
3. Dwe konnen ak konprann klòz yo nan IDEA a, ak règleman federal ak eta ki gen pou wè ak IDEA a, ak entèpretasyon jiridik tribinal federal ak eta yo ka bay IDEA a; **epi**.
4. Dwe gen konesans ak kapasite pou dirije odyans, ak pou pran ak ekri desizyon, annakò ak pratik jiridik nòm al apwopriye yo.

ODE kenbe yon lis moun sa yo ki jwe wòl ALJ ak yon lis kalifikasyon pou yo chak.

Ki dwa mwen genyen nan odyans la?

Men dwa ou genyen yo nan odyans pa vwa nòm al ou a:

- Dwa mennen yon avoka ki ka ba ou konsèy;
- Dwa mennen omwen yon moun ki gen konesans oswa fòmasyon espesyal sou

timoun ki gen andikap;

- Dwa pou fè pitit ou a rete nan plasman EI/ECSE kote li ye kounye a pandan pwosesis odyans ak apèl la sòf si:
 - Oumenm ak pwogram nan dakò pou yon lòt plasman;
 - Pitit ou a ap fè demann admisyon pou premye fwa nan pwogram nan epi ou bay konsantman pou yo mete pitit ou a nan pwogram nan;
 - Yo sispann oswa mete pitit ou a deyò epi yo mete li nan yon lòt kad edikatif enterimè poutèt yon konpòtman ki pa akòz andikap timoun nan;
 - Pwogram nan wete pitit ou a pou mete li nan yon plasman enterimè pandan jiska 45 jou poutèt yon vyolasyon ki gen pou wè ak zam oswa dwòg oswa poutèt li lakòz donmaj grav nan kò yon lòt moun; **oswa**,
 - Gen yon ALJ ki wete pitit ou a pou mete li nan yon plasman enterimè pandan jiska 45 jou poutèt li gen anpil chans pou gen konpòtman k ap fè ditò;
- Dwa prezante prèv ekri ak pale, epi konfwonte lòt pati an, poze li kesyon, epi egzije pou gen temwen ki vini;
- Dwa pou yo mete ou okouran omwen senk jou ouvrab anvan odyans la de evalyasyon distrik oswa pwogram nan te fè rive nan dat sa a ak rekòmandasyon ki te baze sou evalyasyon sa yo ke yo gen lentansyon itilize nan odyans la;
- Dwa pou pitit ou a prezan nan odyans la;
- Dwa pou ou fè odyans la fèmen oswa ouvè pou piblik la;
- Dwa pou entèdi entwodiksyon prèv nan odyans la yo pa t revele ba ou omwen senk jou ouvrab anvan odyans la. ALJ an gen dwa entèdi entwodiksyon prèv yo pa t revele senk jou ouvrab anvan odyans la san konsantman lòt pati an;
- Dwa a yon rapò ekri oswa, si ou vle, a yon anejistreman mo pou mo elektwonik de odyans la gratis nan yon delè rezonab apre konklizyon odyans la;

epi,

- Dwa a yon kopi ekri oswa, si ou vle, a yon kopi elektwonik desizyon odyans la gratis.

Chak odyans dwe fèt a yon lè ak nan yon kote ki ase fasil pou ou ak pou pitit ou a.

Sou kisa desizyon ALJ an ap baze?

Desizyon yon ALJ sou èske wi ou non pitit ou a te resevwa yon edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE) dwe baze sou motif solid. Nan zafè kote gen akizasyon vyolasyon pwosedi, yon ALJ gen dwa konkli pitit ou a pa t resevwa FAPE sèlman si defo nan respekte pwosedi yo:

1. Te jennen dwa pitit ou a pou li resevwa yon edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE);
2. Te jennen anpil chans ou pou patisipe nan pwosesis pran desizyon sou bay piti

ou a yon edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE); **oswa**.

3. Te lakòz timoun nan pa t jwenn yon avantaj edikatif.

Règ sa a pa anpeche yon ALJ pou li bay yon pwogram EI/ECSE lòd pou li respekte egzijans ki nan seksyon pwosedè pwoteksyon IDEA a (34 CFR 300.500 jiska 300.536) (OAR 581-015-2300 jiska 2385).

Règ espesyal pou ECSE:

Pa gen anyen nan Pati B nan IDEA a ki mete restriksyon oswa ki limite dwa, pwosedè, ak solisyon ki disponib yo dapre Konstitisyon Etazini an, Lwa sou Ameriken ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act) 1990 la, Tit V nan Lwa sou Reyabilitasyon (Rehabilitation Act) 1973 la (Seksyon 504), oswa lòt lwa federal ki pwoteje dwa timoun ki gen andikap, eksepte anvan yo entante yon aksyon sivil dapre lwa sa yo pou chèche mezi reparasyon ki disponib tou dapre Pati B nan IDEA a, yo dwe fin sèvi ak tout pwosedè pa vwa nòmal yo ki dekri pi wo a nan menm mezi sa t ap obligatwa si pati an te entante aksyon an dapre Pati B nan IDEA a.

Sa vle di ou gen dwa gen solisyon ki disponib dapre lòt lwa ki gen pwèn komen ak sa ki disponib yo dapre IDEA a, men an jeneral, pou jwenn mezi reparasyon dapre lòt lwa sa yo, ou dwe toudabò sèvi ak solisyon administratif ki disponib yo dapre IDEA a (sa vle di, plent pa vwa nòmal la, reyinyon pou rezolisyon an, ak pwosedè odyans enpasyal pa vwa nòmal yo) anvan w ale dirèkteman nan tribinal.

Se Konsèy Kowòdonasyon Entè-Ajans Eta a (State Interagency Coordinating Council) ak Komite Konsiltatif Eta a pou Edikasyon Espesyal (State Advisory Council for Special Education) k ap bay lòd final la. Lòd final la pa idantifye ni ou ni pitit ou a pa non. Se yon dosye piblik.

Kisa mwen gen dwa fè si mwen pa dakò ak desizyon odyans la?

Yon desizyon odyans se bagay ki final eksepte pati ki pèdi an gen dwa entante yon aksyon sivil nan tribinal nan yon delè 90 jou apati de lòd final la. Si ou entante aksyon sivil nan tribinal federal oswa eta, tribinal la dwe:

- Resevwa dosye odyans la;
- Tande plis prèv sou demann yon pati;
- Baze desizyon li sou prèv ki pi solid yo; epi
- Akòde mezi reparasyon tribinal la jije ki apwopriye a.

Ki lè yon tribinal gen dwa bay lòd ranbousman pou frè avoka? (ECSE sèlman)

Yon tribinal gen dwa egzije pou ODE ranbouse ou pou frè avoka rezonab ou yo si ou genyen nan odyans pa vwa nòmal la.

Yon tribinal gen dwa egzije pou avoka w lan peye pou avoka pwogram EI/ECSE a si plent ou a “frivòl, derezonab oswa san fonman.” Yon tribinal gen dwa egzije pou oumenm oswa avoka w la peye pou avoka pwogram nan si ou te prezante plent ou an “nan yon move objektif” tankou pou tizonnen, oswa pou retade oswa ogmante depans litij la san rezon.

Kijan tribinal la ap detèmine frè avoka rezonab?

Yon tribinal atribye frè avoka rezonab konsa:

1. Frè yo dwe baze sou barèm ki domine nan kominote kote aksyon oswa odyans la te soulve pou mòd ak kalite sèvis yo bay yo. Yo pa ka sèvi ak ni boni ni miltiplikatè pou kalkile frè y ap atribye yo.
 2. Yo pa gen dwa ni atribye frè ni ranbouse depans ki gen rapò ak yo nan okenn aksyon oswa pwosedi dapre Pati B nan IDEA a pou sèvis yo te bay apre yo te fin fè yon òf antant ekri ba ou si:
 - a. Òf la fèt nan delè ki preskri nan Règ 68 Règ Federal Pwosedi Sivil yo oswa, nan ka yon odyans pa vwa nòmal, a nenpòt ki moman ki plis pase 10 jou kalandriye anvan pwosedi yo kòmanse;
 - b. Yo pa aksepte òf la nan yon delè 10 jou kalandriye; **epi**,
 - c. Tribinal la konkli mezi reparasyon ou finalman jwenn nan pa pi favorab pou ou pase òf antant la.
 3. Malgre restriksyon sa yo, atribisyon frè avoka yo ak depans ki gen pou wè ak sa yo dwe fèt ba ou si ou genyen e ou te gen bonjan jistifikasyon pou rejte òf antant la.
 4. Yo pa gen dwa atribye frè an rapò ak okenn reyinyon IFSP sòf si reyinyon an te fèt poutèt yon pwosedi administratif oswa aksyon nan tribinal. Yo pa gen dwa atribye frè pou medyasyon nonplis.

Yo pa konsidere yon reyinyon pou rezolisyon ki fèt poutèt yon odyans administratif oswa yon aksyon tribinal, e yo pa konsidere li nonplis kòm yon odyans administratif ni kòm yon aksyon tribinal pou frè avoka sa yo.

Tribinal la ap redui, si sa apwopriye, montan frè avoka yo atribye yo dapre Pati B nan IDEA a, si tribinal la konkli:

1. Oumenm, oswa avoka ou, pandan dewoulman aksyon oswa pwosedi an, te retade yon fason derezonab rezolisyon final litij la;
2. Montan frè avoka yo te otorize apa sa yo pou yo atribye depase yon fason derezonab salè pa èdtan ki domine nan kominote a pou sèvis parèy ke avoka ki gen konpetans, repitasyon, ak eksperyans plizoumwenn parèy, bay;
3. Tan yo pase a ak sèvis jiridik yo te bay yo te eksestif lè ou konsidere nati aksyon oswa pwosedi an; **oswa**,
4. Avoka ki reprezante w lan pa t bay Pwogram EI/ECSE a enfòmasyon apwopriye nan demann odyans pa vwa nòmal la.

Men, tribinal la pa gen dwa redui frè yo si tribinal la konkli eta a oswa ajans piblik la te retade yon fason derezonab rezolisyon final aksyon oswa pwosedi an oswa te gen yon vyolasyon dapre klòz pwosedi pwoteksyon yo nan Pati B nan IDEA a.

TIMOUN KI NAN LEKÒL PRIVE - ECSE SÈLMAN

Èske gen sèvis edikasyon espesyal disponib pou timoun paran yo enskri nan lekòl prive?

Wi, an jeneral, men pa nesèsman pou tout timoun. Timoun paran yo enskri nan lekòl prive gen dwa patisipe nan edikasyon espesyal leta finanse ak sèvis ki gen pou wè ak sa. Lwa federal yo pèmèt pwogram ECSE a pou li limite fon piblik ki depanse pou sèvis sa yo. Si pitit ou a pral resevwa sèvis edikasyon espesyal dapre klòz sa a, pwogram nan ap rankontre avèk ou pou elabore yon plan sèvis k ap dekri sèvis yo pral ofri pitit ou a. Yo gen dwa ofri sèvis yo sou plas nan lekòl prive a oswa nan yon pwogram EI/ECSE. Si yo ofri sèvis yo nan pwogram EI/ECSE a, ajans piblik la dwe ofri transpò pou timoun nan ka jwenn sèvis sa yo.

Ki lè yon pwogram oblije ranbouse paran yo pou ekolaj lekòl prive?

Pwogram ECSE yo pa oblije peye pou depans edikasyon, sa gen ladan edikasyon espesyal timoun anbazay ak sèvis ki gen pou wè ak sa yo, pou yon timoun ki gen andikap nan yon lekòl oswa etablisman prive si pwogram nan te mete edikasyon piblik gratis apwopriye disponib pou timoun nan epi paran yo te chwazi olye de sa pou yo mete timoun lan nan yon lekòl oswa etablisman prive.

Yon tribinal oswa ALJ gen dwa egzijè pou yon pwogram ECSE ranbouse paran yo pou depans plasman nan lekòl prive ki fèt san konsantman oswa referans pwogram nan sèlman si:

- Timoun nan te resevwa sèvis ECSE sou otorite pwogram EI/ECSE a anvan li te enskri nan lekòl prive a;
- Tribinal la oswa ALJ an konkli ke lè sa a pwogram nan pa t mete edikasyon piblik gratis apwopriye disponib pou timoun nan touswit; **epi**,
- Plasman prive a apwopriye.

Yon ALJ oswa yon tribinal konkli plasman paran yo apwopriye, menm si plasman an pa respekte nòm eta a pou pwogram EI/ECSE yo.

Èske tribinal la gen dwa redui oswa refize ranbousman bay paran yo? Avi:

Tribinal la oswa ALJ an gen dwa redui oswa rejte ranbousman si paran yo pa t fè pwogram ECSE a konnen yo t ap rejte plasman pwogram ECSE a te pwopoze a epi yo pa t pale de sa ki t ap trakase yo ak de lentansyon yo pou enskri pitit yo a nan yon lekòl prive sou kont leta. Yo te dwe bay avi sa a swa:

- Nan dènye reyinyon IFSP kote paran yo te vini anvan yo te wete timoun lan nan plasman ECSE a; **oswa**,
- Alekri pou pwogram ECSE a omwen dis jou ouvrab anvan yo te wete timoun lan nan plasman ECSE a.

Yon tribinal oswa yon ALJ pa dwe ni redui ni refize ranbousman si yon paran pa bay avi sa a si:

- Avi an t ap gen anpil chans pou li lakòz pou timoun nan donmaje nan kò li;
- Pwogram EI/ECSE a te anpeche paran an bay avi an; **oswa**,
- Paran an pa t resevwa kopi Avi sou Pwosedir Pwoteksyon sa a ni yo pa t mete li okouran li oblije resevwa avi sa a.

Yon tribinal oswa yon ALJ **pa gen dwa** ni redui ni refize ranbousman si yon paran pa bay avi sa a si:

- Paran an pa konn li oswa li pa ka ekri anglè; **oswa**,
- Avi an t ap gen anpil chans pou li lakòz pou timoun nan sibi gwo donmaj emosyonèl.

Evalyasyon; Tribinal la oswa ALJ an gen dwa redui oswa refize ranbousman an tou si paran an pa mete timoun nan disponib pou ajans piblik la fè evalyasyon pou timoun nan, si:

- Ajans piblik la te bay preyavi ekri li gen lentansyon evalye oswa re-evalye timoun nan;
- Objektif evalyasyon ki dekri nan avi sa a te apwopriye ak rezonab; **epi**,
- Ajans piblik la te bay paran yo avi sa a anvan yo te wete timoun lan nan plasman ECSE a.

Karaktè derezonab: Yo gen dwa redui oswa refize ranbousman an tou si gen yon konsta jidisyè ki konkli paran yo te derezonab nan aksyon yo oswa depans pwogram prive a te derezonab.

DISIPLIN AK PLASMAN NAN LÒT KAD EDIKATIF ENTERIMÈ- ECSE SÈLMAN

Lwa federal la egzije pou yo mete paran yo okouran pwosedè pwoteksyon ki gen pou wè ak disiplin nan lekòl ak pwosedè yo pou plasman nan lòt kad menm si pwosedè sa yo pa t ekri pou pwogram EI/ECSE yo.

Èske yo gen dwa sispann yon timoun nan yon pwogram ECSE?

Wi. Pwogram ECSE a gen dwa sispann yon timoun ki gen andikap nan plasman edikatif kote timoun nan ye kounye a pou rezon disiplinè pandan jiska dis jou lekòl youn dèyè lòt si timoun ki pa gen andikap yo t ap jwenn sispannyon pou konpòtman sa a. Pwogram nan gen dwa sèvi ak depasman akoutèm, sa gen ladan sispannyon, mete timoun lan nan yon lòt kad edikatif enterimè, oswa mete timoun lan nan yon lòt kad, nan mezi yo t ap sèvi ak menm opsyon sa yo pou timoun ki pa gen andikap.

Èske yo gen dwa sispann yon timoun pandan plis pase dis jounen lekòl nan yon ane lekòl?

Sa depann. Yo gen dwa sispann yon timoun nan pwogram ECSE pou plis peryòd rive jiska dis jounen lekòl youn dèyè lòt si sispannyon yo se pa yon “abitid”. Gen “abitid” si:

- Konpòtman timoun nan esansyèlman (pou pifò) parèy ak konpòtman timoun lan nan ka presedan ki te lakòz seri depasman sa a; **epi**,
- Lòt faktè anplis tankou dire chak sispannyon, kantite tan total depasman pitit ou a pase deyò lekòl la, ak rapwochman depasman yo youn ak lòt endike yon abitid. Pwogram EI/ECSE a detèmine sou yon baz ka pa ka si wi ou non yon seri depasman se yon abitid epi, si ou konteste li, yo kapab egzaminen li pase pa pwosedè pa vwa nòmal ak pwosedè jidisyèl.

Si gen yon “abitid” sispannyon, pwogram nan gen dwa sispann yon timoun sèlman si

ekip IFSP timoun nan deside konpòtman timoun nan se pa yon “manifestasyon” andikap timoun nan.

Si pa gen “abitid,” alòs pèsonèl EI/ECSE a, an konsiltasyon avèk omwen youn nan pwofesè timoun nan, ap detèmine ki sèvis ki nesèsè pou timoun nan kontinye pwogrese nan bi IFSP yo pandan deplasman an.

Yo gen dwa wete yon timoun pandan plis pase dis jounen lekòl youn dèyè lòt (yo abityèlman rele sa “ekspilasyon”) si ekip IFSP timoun nan deside konpòtman timoun nan se pa t yon “manifestasyon” andikap li.

Si yo sispann oswa ekspilse yon timoun pandan plis pase dis jou lekòl nan yon ane lekòl, èske pwogram nan oblije bay timoun nan sèvis ECSE kanmenm?

Wi. Apre dis premye jou deplasman yo, pwogram nan dwe bay timoun nan sèvis timoun nan bezwen yo pou li kontinye patisipe nan aktivite ki apwopriye pou laj li ak pou timoun nan pwogrese nan bi IFSP li yo. Yo gen dwa bay sèvis sa yo yon lòt kote, ki rele “lòt kad edikatif enterimè.”

Èske ekip IFSP an gen dwa deside mete yon timoun nan yon lòt lekòl oswa pwogram menm si yo pa ni sispann si ekspilse timoun nan?

Wi. Paran yo fè pati ekri IFSP an k ap pran desizyon sa a. Desizyon an dwe baze sou IFSP timoun nan ak sou sa timoun nan bezwen pou li reyisi lekòl. Ansanm ak lòt faktè, ekip IFSP timoun nan ka konsidere konsekans konpòtman timoun nan sou pwofesè yo ak lòt timoun yo.

Èske pwogram nan dwe bay paran an avi sou mezi disiplinè a?

Wi, pwogram nan dwe mete paran an okouran pou pi ta nan dat kote yo pran desizyon pran mezi an epi bay paran an Avi sou Pwosedè Pwoteksyon sa a.

Kijan ekip EFSP an ap deside si konpòtman an se yon “manifestasyon” andikap yon timoun?

Ekip IFSP an, sa gen ladan paran yo, ap gade tout enfòmasyon enpòtan yo sou timoun nan, sa gen ladan rezilta tèst, enfòmasyon paran yo bay, obsèvasyon timoun nan, ak IFSP ak plasman timoun nan.

Ekip IFSP timoun nan gen dwa detèmine konpòtman timoun nan te yon manifestasyon andikap timoun nan si:

- Konpòtman an se te konsekans andikap timoun nan oswa te gen pou wè dirèkteman avè l; **oswa,**
- Konpòtman an se te rezilta dirèk dèske pwogram nan pa t aplike IFSP timoun nan.

Desizyon sa a dwe pran nan yon delè 10 jou lekòl apati de tout desizyon pou chanje plasman yon timoun ki gen andikap poutèt vyolasyon kòd konduit elèv la.

Ki sa k ap rive si ekip IFSP an deside konpòtman timoun nan te yon manifestasyon andikap timoun nan ?

Si ekip IFSP an konkli konpòtman an te yon manifestasyon andikap timoun nan pwogram nan pa gen dwa ni ekspilse timoun nan ni sispann timoun nan ni pandan plis pase dis jou lekòl youn dèyè lòt ni pandan plis pase dis jou lekòl nan ane lekòl la si deplasman yo se “abitid.”

Pwogram nan ak paran an gen dwa fè yon reyinyon IFSP pou egzaminen enfòmasyon yo, epi ekip IFSP an gen dwa fè chanjman nan sèvis IFSP timoun nan ak/oswa nan plasman li. Si ekip IFSP an konkli konduit an kesyon an se te rezilta dirèk dèske pwogram nan pa t aplike IFSP an, pwogram nan dwe pran mezi touswit pou li repare mank sa yo.

Ekip IFSP an dwe fè yon evalyasyon konpòtman timoun nan (ki rele “evalyasyon fonksyonèl konpòtman” epi elabore yon plan entèkansyon pou konpòtman pou timoun nan. Si timoun nan deja gen yon plan entèkansyon pou konpòtman, ekip IFSP an dwe egzaminen epi chanje plan an, si sa nesèsè, pou okipe konpòtman an.

Eksepte jan sa dekri anba **Sikonstans espesyal**, pwogram EI/ECSE a dwe remete timoun lan nan plasman kote yo te wete timoun nan, sòf si paran an ak pwogram nan mete yo dakò sou yon chanjman plasman nan kad modifikasyon plan entèkansyon pou konpòtman pwogram nan.

Kisa k ap rive si ekip IFSP an decide konpòtman timoun nan pa t yon manifestasyon andikap timoun nan ?

Si ekip IFSP an konkli konpòtman an pa t yon manifestasyon andikap timoun nan:

- Pwogram nan gen dwa pran mezi disiplinè, tankou ekspilasyon, menm jan li t ap fè li pou timoun ki pa gen andikap;
- Pwogram nan dwe pran dispozisyon pou ajan odyans sou ekspilasyon an resevwa dosye edikasyon espesyal ak disiplinè timoun nan si yon odyans sou ekspilasyon nesèsè;
- Pwogram nan dwe kontinye ofri timoun nan yon edikasyon piblik gratis apwopriye ki ale ak bezwen endividyèl timoun nan, ke yo ka ba li nan yon lòt kad edikatif enterimè dapre sa ekip IFSP an detèmine; **epi**,
- Si sa apwopriye, pwogram nan dwe fè yon evalyasyon fonksyonèl konpòtman pou timoun nan, epi ba li sèvis entèkansyon pou konpòtman ak modifikasyon pou okipe konpòtman timoun nan pou li pa kontinye.

Sikonstans espesyal: Pèsonèl EI/ECSE a gen dwa konsidere sikonstans san parèy sou yon baz ka pa ka, lè l ap detèmine si wi ou non yon chanjman plasman ki gen pou wè ak disiplin, apwopriye pou yon timoun ki gen andikap ki vyole yon kòd konduit elèv lekòl la.

Ki lè pwogram nan ka wete yon timoun touswit pou mete li nan yon lòt lekòl oswa pwogram?

Ke wi ou non konpòtman an te yon manifestasyon andikap timoun nan, pèsonèl EI/ECSE a gen dwa deplase yon timoun pou mete li nan yon lòt kad edikatif enterimè (se ekip IFSP timoun nan k ap detèmine li) pandan jiska 45 jou lekòl nan sikonstans espesyal sa yo:

- Timoun nan pote yon zam nan pwogram EI/ECSE a oswa nan yon aktivite EI/ECSE oswa gen yon zam nan lekòl la;
- Timoun nan ak tout konesans genyen oswa pran dwòg ilegal oswa vann oswa ofri vann sibstans ki sou kontwòl pandan li nan pwogram EI/ECSE a oswa nan yon aktivite EI/ECSE; **oswa**,
- Timoun nan enflije donmaj grav nan kò yon lòt moun pandan li nan pwogram EI/ECSE a, nan lokal pwogram EI/ECSE a, oswa nan yon aktivite EI/ECSE.

Ki lè yon paran oswa yon pwogram gen dwa jwenn yon odyans akselere pou rezoud yon konfli disiplinè?

Yon paran ki pa dakò ak detèminasyon manifestasyon ekip IFSP an oswa ak yon desizyon sou plasman timoun lan gen dwa mande yon odyans pa vwa nòmal. Yon pwogram gen dwa mande yon odyans si pwogram nan panse ke si yo kenbe timoun lan nan plasman kote li ye kounye a sa ap gen anpil chans pou lakòz timoun nan oswa lòt moun donmaje.

Yon pwogram EI/ECSE gen dwa mande yon odyans akselere pou mete yon timoun nan yon lòt kad edikatif enterimè pandan jiska 45 jou alafwa si:

- Timoun nan t ap gen anpil chans pou donmaje timoun nan oswa lòt moun ki nan plasman kote li ye kounye a;
- Pwogram nan fè efò rezonab pou minimize risk pou gen ditò ki rive nan plasman kote timoun nan ye kounye a; **epi**,
- Lòt kad edikatif enterimè a reponn egzijans ki pi ba a yo.

Ki pwosedi ki aplike pou yon odyans pa vwa nòmal akselere?

Depi yon paran oswa yon pwogram EI/ECSE mande yon odyans pa vwa nòmal, gen yon odyans ki dwe fèt ki respekte egzijans yon odyans pa vwa nòmal abityèl eksepte:

1. ODE dwe fè aranjman pou yon odyans pa vwa nòmal akselere, ki dwe fèt nan yon delè **20** jou lekòl apati de dat yo te mande odyans la e li dwe gen kòm rezilta yon detèminasyon ekri nan yon delè **10** jou lekòl apre odyans la.
2. Sòf si paran yo ak pwogram EI/ECSE a dakò alekri pou renonse a reyinyon an, oswa dakò pou sèvi ak medyasyon, dwe gen yon reyinyon pou rezolisyon ki fèt nan yon delè **7** jou kalandriye apre resepsyon avi plent pa vwa nòmal la. Odyans la dwe fèt sòf si zafè a rezoud yon fason ki satisfè toude pati yo nan yon delè **15** jou kalandriye apre resepsyon plent pa vwa nòmal la.

Yon pati gen dwa fè apèl desizyon an nan yon odyans pa vwa nòmal akselere menm jan ak pou desizyon nan lòt odyans pa vwa nòmal.

Se yon ALJ enpasyal ki dwe mennen odyans pa vwa nòmal la epi pran desizyon. ALJ an gen dwa:

1. Remete timoun ki gen andikap la nan plasman kote yo te wete timoun nan si ALJ an detèmine deplasman an se te yon vyolasyon egzijans sa yo, oswa

konpòtman timoun nan te yon manifestasyon andikap timoun nan; **oswa**.

2. Bay lòd chanje plasman timoun ki gen andikap la nan yon lòt kad edikatif enterimè pandan 45 jou lekòl pou piplis si ALJ an detèmine lè yo kenbe timoun an nan plasman kote li ye kounye a sa gen anpil chans pou lakòz timoun nan oswa lòt moun donmaje.

Yo gen dwa refè pwosedri odyans sa yo si pwogram EI/ECSE a panse lè yo remete timoun lan nan premye plasman an sa gen anpil chans pou lakòz timoun nan oswa lòt moun donmaje.

Lè paran an oswa pwogram EI/ECSE a depoze yon demann odyans pa vwa nòmal ki gen pou wè ak zafè disiplinè, timoun nan dwe (sòf si paran an ak pwogram EI/ECSE a mete yo dakò sou yon lòt bagay) rete nan lòt kad edikatif enterimè a annatandan desizyon jij administratif la, oswa jiska ekspirasyon peryòd deplasman an jan yo prevwa sa anba dapre egzijans sa yo.

Kisa egzijans yo ye pou yon lòt kad edikatif enterimè?

Yon lòt kad edikatif enterimè dwe:

- Kite timoun nan kontinye patisipe nan aktivite ki apwopriye pou laj li, men nan yon lòt kad;
- Kite timoun nan kontinye resevwa sèvis ECSE ak modifikasyon, sa gen ladan sa ki dekri nan IFSP timoun nan, pou pèmèt timoun nan reyalize bi IFSP yo; **epi**,
- Ofri, si sa pwopriye, yon evalyasyon fonksyonèl konpòtman, sèvis entèvansyon pou konpòtman ak modifikasyon pou okipe konpòtman timoun nan pou li pa kontinye.

RESOUS

Òganizasyon ki resevwa finansman leta ki nan lis sa a gen dwa kapab ede ou konprann pwosedri pwoteksyon yo ak lòt klòz ki nan IDEA a.

Pwogram EI/ECSE ki bò lakay ou a

Founisè sèvis EI/ECSE ou a

Depatman Edikasyon Oregon (Oregon Department of Education, ODE)

Salem: (503) 947-5782

Sit entènèt: <http://www.oregon.gov/ODE/Pages/default.aspx>

Biwo Sèvis pou Elèv yo (Office of Student Services)

Sit entènèt: <http://www.oregon.gov/ode/about-us/Pages/Office-of-Student-Services.aspx>

Fanmi ak Kominote Ansanm (Family and Community Together, FACT)

Nimewo telefòn gratis: (888) 988-3228

Sit entènèt: www.factorregion.org

Dwa Moun ki Gen Andikap Oregon (Disability Rights Oregon, DRO)

Zòn Portland: (503) 243-2081

Nimewo telefòn gratis: (800) 452-1694

Sit entènèt: <http://www.disabilityrightsoregon.org/>

Sant pou Enfòmasyon ak Resous pou Paran (Center for Parent Information & Resources)

<http://www.parentcenterhub.org/>

Konsèy Kowòdonasyon Entè-Ajans Eta a (State Interagency Coordinating Council, SICC) ofri konsèy ak sipò pou sistèm sèvis eta a pou jèn timoun ki gen bezwen espesyal ak fanmi yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sou konsèy la ak yon orè reyinyon yo disponib nan men ODE lè ou rele (503) 947-5731. W ap jwenn enfòmasyon sou SICC disponib nan: <http://www.oregon.gov/ode/students-and-family/SpecialEducation/earlyintervention/Pages/sicc.aspx>

Komite Konsiltatif Eta a pou Edikasyon Espesyal (State Advisory Council for Special Education, SACSE) rankontre plizyè fwa chak ane lekòl. Nan chak reyinyon gen yon tan pou piblik la kòmante. Ou ka jwenn enfòmasyon sou komite a ak yon orè reyinyon yo disponib nan men ODE lè ou rele (503) 947-5782. W ap jwenn enfòmasyon sou SACSE disponib nan: <http://www.oregon.gov/ode/students-and-family/SpecialEducation/Pages/sacse.aspx>